# Пщэдей Хэкум и хъумакIуэм и махуэщ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№23 (24.773) • 2025 гъэм мазаем (февралым) и 22, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапiэм къызэритамкIэ

# Я лIыгъэм дрогушхуэ

## Хэкум и хъумакIуэм и махуэм теухуа КъБР-м и Iэтащхьэм и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ! Сынывохъуэхъу Хэкум и хъумакIуэм и махуэмкIэ!

Мы махуэшхуэр Хэкум и щхьэхуитыныгъэмрэ щIыналъэр зыми и унафэ щIэмытынымрэ щIэбэнахэм, къэралым и Iуэхур дэгъэкIыным и щхьэщыжакIуэу мы зэманым къэувахэм папщIэ диIэ гушхуэныгъэр къэзыгъэлъагъуэщ.

Нобэ ди щхьэр яхудогъэщхъ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм нацизмэр зэхэзыкъута ди адэхэм, адэшхуэхэм я лIыгъэм, ди ветеран лъапIэхэм дигуми ди псэми къабгъэдэкIыу фIыщIэ яхудощI.

Дзэ Iуэху хэхам и щIыпIэ нэхъ гугъу дыдэхэм щыIэу Урысейм и шынагъуэншагъэмрэ и щхьэхуитыныгъэмрэ лыхъужьыгъэ къагъэлъагъуэу иджыпсту зыхъумэхэми хъуэхъу псалъэ гуапэхэр яхужыдоIэ. Дэ дрогушхуэ а щIалэхэм, абыхэм я лIыгъэмрэ лIыхъужьыгъэмрэ, я хахуагъэм дропагэ.

Мы гъэм ди къэралым игъэлъэпIэнущ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъур. Ветеранхэм пщIэшхуэ зэрыхуащIым и щыхьэту икIи лIакъуэхэр быдэу зэрызэпыщIам и нэщэнэу, 2025 гъэр Урысейм Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу щагъэуващ. Шэч къытесхьэркъым, ди тхыдэ къулейр, лэжьыгъэмрэ зауэ Iуэхумрэ дыщIэ хахуагъэр и тегъэщIапIэу, мыхъумыщIагъэ псоми жэуап зэреттыфынум, Хэкум и зыужьыныгъэм папщIэ зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр зэрызэфIэдгъэкIыфынум.

Псоми ехъулIэныгъэ, узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыгъэ фиIэну сынывохъуэхъу.



# Лъэпкъ щIэиным и мыхьэнэр

**УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий дыгъуасэ лэжьыгъэ Iуэхукlэ Налшык щыIащ. Ар хэтащ «Лъэпкъ щIэин: цIыхубэ щэнхабзэм и тхыпхъэхэмрэ и макъхэмрэ» гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуаха дауэдапщэм.**

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭР щокIуэкI республикэм и къалащхьэм дэт Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ центрым. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и гъусэу, Президентым и лIыкIуэр еплъащ Iэрыщ гъуазджэм хуэIэкIуэлъакIуэу щыналъэм исхэм я IэдакъэщIэкIхэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри лъэпкъ щIэиныр зэрыбейм, абы лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэу куэдкIэ зэрызиубгъум и щыхьэту къэуващ. Ахэр зэращIыр абдеж дыдэм щагъэува экранхэм къыщагъэлъэгъуащ.

Чайкэ Юрий «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и унафэщI Атэбий Игорь илъэс куэд хъуауэ и къару емыблэжу лъэпкъ щэнхабзэм и зиужьыныгъэм зэрытелажьэм папщIэ, Президентым и полномочнэ лIыкIуэм и ФIыщIэ тхылъ иритащ. Творческэ гупым 1933 гъэм лэжьэн щIидзащ икIи Кавказ Ищхъэрэм ар нэхъ ныбжьышхуэ зиIэу итхэм язщ.

# ЦIыхухэм я тыншыпIэм хуэщIауэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ Налшык, Бахъсэн, Прохладнэ къалэхэм дэт, фэтэр куэду зэхэт унэхэм зэгъэпэщыжыныгъэхэр щегъэкIуэкIыным, абыхэм я щытыкIэм кIэлъыплъыным, къегъэщIылIа щIыналъэхэр зэIузэпэщ щIыным теухуа зэIущIэ.**

АБЫ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, республикэм и Iэтащхьэм и администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Журавлев Андрей**, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ министр **ДыщэкI Аслъэн**, финансхэмкIэ министр **Лисун Еленэ**, щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ министр **Шаваев Ильяс**, тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъыныныкIэ къэрал комитетым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Мэкъушэ Алим**, Налшык къалэ администрацэм и унафэщI **Ахъуэхъу Таймураз**, Бахъсэн къалэ администрацэм и унафэщI **Мамхэгъ Хьэчим**, Прохладнэ къалэ администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Кожухов Кирилл**, республикэм



Фэтэр куэду зэхэт унэхэм я щIыналъэ операторым и унафэщI **Кулиев Мустафир**, ведомствэ, IэнатIэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэр.

КIуэкIуэ Казбек зэIущIэр къыщызэIуихым къыхигъэщащ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу фэтэр куэду зэхэт унэхэр тэмэму зыхуей щыхуамыгъэзэ куэдрэ къызэрыхъур, абы ипкъ иткIи коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ гугъуехьхэр зэрыщыIэр, абыхэм унэхэм щыпсэухэм я мыарызыныгъэхэр къызэрыхэкIыр.

Республикэм и Iэтащхьэм администрацэхэм, а Iуэхур зэгъэщIылIа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ пщэрылъ ящищIащ фэтэр куэду зэхэт унэхэм зэракIэлъыплъыр егъэфIэкIуэнымкIэ хэкIыпIэхэр къагъуэтыну, псэупIэм теухуауэ щыIэ унафэр зэрагъэзащIэм тIкIийуэ кIэлъыплъыну.

Апхуэдэу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм и жылагъуэхэм я щытыкIэр зэIузэпэщ щIыным теухуа Iуэхухэми.

«Гъащlэм папщIэ инфраструктурэ» лъэпкъ проектыщIэм ипкъ иткIэ, къалэ псэупIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм къыпащэнущ. 2018 гъэм щегъэжьауэ республикэм щIыналъэ 863-рэ зэIузэпэщ щащIащ, абы щыщу 225-р жылагъуэ щыпIэщ, 638-р пщIантIэщ. Зэман гъунэгъум къриубыдэу иджыри жылагъуэ щIыналъэу 208-рэ зыхуей хуагъэзэну я мурадщ.

ЗэIущIэм и гугъу щащIащ муниципалитетхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэр нэхъыбэ зэращIынум, я IэщIагъэмкIэ я зэфIэкIым зэрыхагъэхъуэнум.

- ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм и лэжьыгъэр зэрызэтеублам и фIагъым куэдкIэ елъытащ цIыхухэм я псэукIэр зыхуэдэнур, ахэр я унэм къыщыщIэкIкIэ яIэну гукъыдэжыр. Абы къыхэкIыу ди къалэхэр тыншыпIэм хуэщIауэ, иджырей мардэхэм къитIасэу тщIын папщIэ, адэкIи нэхъ жыджэру дызэрылэжьэнум дыхуэщIэкъунущ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.



# Ныбжьыщ1эхэм зыщагъасэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иджырей бэнэкIэ лIэужьыгъуитхум сабийхэр щыхуагъасэу Налшык дэт спорт центрым и лэжьэкIэм щыгъуазэ зищIащ.**

«ДИ спортсмен ныбжьыщIэхэми абыхэм я гъэсакIуэхэми сепсэлъащ, дызэрыцIыхуащ, - щитхыжащ и телеграм-каналым КIуэкIуэ Казбек. - Комплексым метр зэбгъузэнатIэ миний еубыд. Мыбы зэуэ зыщагъэсэфынущ спорстмени 150-м, узыншагъэкIэ зи Iуэху хуэмыхъуэхэри къекIуэлIэным хузэгъэпэщащ. Спортым и лIэужьыгъуэ псоми яхухэха щIыпIэхэр яIэщ. ЦIыху куэдым зэуэ зыщагъэсэфыну зы спортзалрэ нэхъ цIыкIуу залитIрэ хэтщ, метр 50 зи кIыхьагъ бассейн, фехтованием, нэщанэ еуэным хуэщIа тир, зыщахуапэ, зыщагъэпскI, унафэщIхэр зыщIэс, Iэмэпсымэхэр зыщIалъхьэ, цIыхухэри хьэпшып хьэлъэхэри дэзышей лифтхэр хэтщ.

Иджыпсту кIэ комплексым сабий 400-м нэс йокIуалIэ, абыхэм, адрейхэм къакIэрымыхуу, зэхьэзэхуэхэм увыпIэ нэхъыщхьэхэр къыщахь».

КIуэкIуэ Казбек лэжьакIуэ гупми зызыгъасэ сабийхэми ехъулIэныгъэ яIэну ехъуэхъуащ.

# ЛъэIу псоми пэджэжащ

**УФ-м и Президентым и еблэгъапIэу щIыналъэм щыIэм я щхьэ Iуэхукlэ екIуэлIахэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яхуэзащ.**

ЛЪЭIУХЭМ я зыр къыбгъэдэкIащ щытыкIэ гугъуым ихуа унагъуэм. Дохутыр Iэзэхэм я дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ сымаджэ зэраIэм къыхэкIыу, апхуэдэхэм цIыхубэм хухагъэкI мылъку хуаутIыпщ хабзэщ.

Сабий куэд зэрыс унагъуэр щIэлъэIуащ зи Iэпкълъэпкъыр къызыдэмыбз я бынхэм я зым къэрал клиникэм къыщрагъэIэзэн папщIэ, абы хуэфэщэн хуитыныгъэ къратыну.

Республикэм и Iэтащхьэр дэтхэнэ лъэIуми пэджэжащ, цIыхухэр зыщIэлъэIу псори икIэщIыпIэкIэ хуащIэну унафэ ищIащ.

# Зыхуэунэт1ар псэук1эр егъэф1эк1уэнырщ

**УФ-м и Къэрал советым щекIуэкIа, «ГъащIэм папщIэ инфраструктура» проектыр гъэзэщIэнымкIэ комиссэм и зэIущIэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видеоконференц Iэмалк1э хэтащ.**

КЪЭРАЛ советым и секретарь, УФ-м и Президентым и дэIэпыкъуэгъу Дюмин Алексей хэту, зэIущIэр иригъэкIуэкIащ Тэтэрстаным и Раис Минниханов Рустам. Абы къыщыпсэлъащ Правительствэм и вице-премьер Хуснуллин Марат.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ псэукIэр тынш икIи шынагъуэншэ щIыным хуэунэтIа къалэнхэм, ухуэныгъэм, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, транспортым и инфраструктурэм щызэфIэхыпхъэ Iуэхухэм. Щхьэхуэу и гугъу ящIащ къалэ цIыкIухэм псэукIэр зэрыщегъэфIэкIуапхъэм.

ЗэIущIэр иуха нэужь, КIуэкIуэ Казбек и телеграм каналым къриЛъхьащ гу нэхъ зылъытапхъэ лъэныкъуэхэм елъытауэ, екIуэкI илъэсым къигъэув къалэнхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым «Коммунальнэ инфраструктурэр къэгъэщIэрэщIэжын» къэрал проектым ипкъ иткIэ дызэрыт илъэсым псы зэбгрызыш объект 20-м щелэжьынущ. Лэжьыгъэхэм я нэхъыбэр илъэсыр и кIэм нэмысу зэфIэкIынущ. УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил арэзы зытехъуа проектым и фIыгъэкIэ, Налшык къалэм псы къэзышэ Iэмэпсымэхэмрэ ар зэрагъэкъабзэхэмрэ щIэкIэ щызэрахъуэкIынущ. Лэжьыгъэхэр 2025 - 2027 гъэхэм къриубыдэу яухыну я мурадщ.

ЦIыхубэ зэхуэсыпIэхэр зыхуей хуэгъэзэным 2025 гъэм хуаутIыпщынущ сом мелуан 261-рэ. «Псыежэхым IэплIэ къыпхуещI» урысейпсо проектым зэрыщытекIуам щхьэкIэ, Шэджэм къалэм сом мелуани 105-рэ къыхуаутIыпщынущ, а лэжьыгъэр хуэгъэпсащ къалэм ущыпсэуныр нэхъ тынш щIыным.

«ПсэупIэ» щIыналъэ проектымкIэ 2025 гъэм метр зэбгъузэнатIэ мин 570-м нэс ятынущ. ЩIышылэм къриубыдэу, метр зэбгъузэнатIэ мин 78,6-рэ яутIыпщакIэщ, ар 2024 гъэм елъытауэ 1,7-кIэ нэхъыбэщ. Унейуэ ухуакIуэхэм унэу 560-рэ ящIащ.

Гъуэгу хозяйствэм щIыналъэ проектищ щолажьэ: «ЩIыналъэмрэ щIыпIэмрэ я гъуэгухэр», «ЗекIуэкIэ шынагъуэншэ», «Гъуэгу хозяйствэм зэрызегъэужьыпхъэ Iэмалхэр». ДяпэкIи зыхуей хуагъэзэнущ автомобиль гъуэгухэр, лъэмыжхэр, цIыху зэпрыкIыпIэхэр, къэувыIэпIэхэр, кIинэмыщIхэр.

«А лэжьыгъэ псори зыхуэунэтIар республикэм щыпсэухэм я гъащIэр ефIэкIуэнырщ», - итхащ КIуэкIуэ Казбек.

# Л1ыхъужьхэм ф1ыщ1э хуащ1

**Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу, КъБР-м и Парламентым и щIыхь тхылърэ республикэм и хабзэубзыху Iуэхущ1апIэм и УнафэщIым и фIыщIэ тхылъкIэ ягъэлъапIащ дэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ, дэIэпыкъуныгъэр къызэзыгъэпэщхэр, цIыхубэм я хуитыныгъэхэмрэ хабзэхэмрэ хъумэным зи гуащIэ хэзылъхьэхэр.**



ЛIЫХЪУЖЬХЭМ защыхуигъазэм, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** жиIащ Хэкум и хъумакIуэм и махуэр сыт щыгъуи Урысейм Iэтауэ зэрыщагъэлъапIэр, я лъахэр зэман зэхуэмыдэхэм зыхъума псоми я хахуагъэр ящимыгъэгъупщу абы щIэблэхэр зэрызэпищIэр.

- Ди зэхуэзэр техуащ Урысейм и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ пIалъэм - ТекIуэныгъэр къызэрытхьрэ илъэс 80 зэрырикъур мы гъэм щыдгъэлъэпIэнум, - къыхигъэщащ Егоровэм. - Ди адэжьхэм дуней псом нэрылъагъу щащIащ хэкупсэм и къарур здынэсыр, лIыхъужьыгъэрэ хахуагъэрэ зэрахэлъыр. Шэч къытетхьэркъым нобэ Урысейр зыхъумэу дзэ Iуэху хэхам хэтхэм ахэр зэращапхъэм. Я нэхъыжьхэм хуэдэу, ди щIалэхэри къэмыланджэжщ, хэкупсэщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт ди лIыхъужьхэм я лIыгъэм дызэрырипагэр. ЩIэблэхэм зэпэхапхуэдэ лIыхъужьыгъэм и щIыхькIэ, УФ-м и Президентым къыдигъэкIа унафэм тету, 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу ягъэуващ. Нобэ ди пэшым къедгъэблэгъа дэтхэнэми и къарурэ лэжьыгъэ псэемыблэжкIэ ди къэралым и зэфIэкIымрэ лъэрызехьагъэмрэ егъэбагъуэ. ФIыщIэ ин фхудощI жэуаплыныгъэ фхэлъу фи къулыкъур зэрывгъэзащIэм папщIэ. ДынывохъуэхъукIэ къэблэгъа махуэшхуэмкIэ, узыншагъэ быдэрэ ехъулIэныгъэрэ фиIэну, текIуэныгъэр фи Iэрылъхьэу фи унэхэм фыкъеклуэлIэжыну ди гуапэщ.

Дзэ Iуэху хэхам хэт зауэлIхэм жыджэру зэрызащIигъакъуэм папщIэ, Урысей Федерацэм СледствэмкIэ и комитетым и 507-нэ дзэ следствэ къудамэмрэ 19-нэ мотострелковэ гупымрэ я унафэщIхэм я жэрдэмкIэ, фIыщIэ тхылъхэр къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентым и депутат Алтуев Аслъэн. Депутатым къыхуащIа гулъытэмкIэ фIыщIэ яхуищIащ, ар абы и дежкIэ зэрыпщIэшхуэр къыхигъэщу.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# МардэщIэхэр къагъэсэбэп

● Узыншагъэ

**ФIагъышхуэ зиIэ медицинэ технологиехэмкIэ республикэ центрым и етIуанэ къудамэм (нэхъапэкIэ Кардиодиспансеру щытам) и реанимацэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкI.**

ИУЖЬЫIУЭКIЭ блынхэм я щытыкIэхэр яхъуэж икIи европей жыпхъэхэм тету сымаджэ-хэр зыщIэлъ пэшхэр къагъэщIэрэщIэж. Реанимацэмрэ интенсивнэ терапиемкIэ къудамэмрэ зэхэту, абыхэм укъикIыу операцэ щащIыну пэшым псынщIэу узэрынэсыным хуэщIауэ къызэрагъэпэщыну я мурадщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ зи щхьэ куцIым лъыр тэмэму щызэмыкIуэхэмрэ гу узыфэхэр зиIэхэмрэ пIащIэгъуэкIэ зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр ягъуэтыфынущ. Зэгъэпэщыжыныгъэхэр медицинэ IуэхущIапIэм и мылъкукIэ ирагъэкIуэкI.

Апхуэдэу зыхуей хуагъазэ центрым и унэ щIыбри. Абы къыщагъэсэбэп иджырей технологие Iэмэпсымэхэр. Унэ блыныр дахэу, екIуу зэращIым и мызакъуэу, температурэ зызыхъуэжми, IэуэлъауэмакъырI гъэужьыхыными хуэщIауэ щытынущ. УхуакIуэхэм корпусищым и унащхьэр зэрахъуэкIащ, къудамэ нэхъыщхьэм и щхьэгъубжэхэр яхъуэжащ. А лэжьыгъэр зэфIэхынымкIэ хьэрычэтыщIэхэм зыкъыщIагъэкъуащ.

«Гу-лъынтхуэ узыфэхэм пэщIэтын» щIыналъэ программэм и фIыгъэкIэ центрым и диагностикэ Iэмэпсымэхэми къахэхъуащ. ФIагъышхуэ зиIэ компьютер томографрэ иджырей ангиографрэ къащэхуащ. Абыхэм Iэмал къаритынущ гу-лъынтхуэ лэжьэкIэр нэхъ кууэ къапщытэну, узыфэр хэмытIасэу къахутэну.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

Мазаем и 21-р Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ

# Дэтхэнэми и фIыгъуэ нэхъыщхьэ

**ЩIы хъурейм лъэпкъыу тетым я тхыдэр, зэрахьэ хабзэхэр, я лъэпкъ нэщэнэхэр, гупсысэкIэмрэ псэукIэмрэ къозыгъащIэу щыIэр абыхэм я анэдэлъхубзэрщ. Аращ ар дунейм и къэхъугъэ нэхъыщхьэ дыдэу къыщIалъытэр.**

1999 ГЪЭМ ЮНЕСКО-м анэдэлъхубзэхэр хъумэным хуэунэтIауэ къищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ Анэдэлъхубзэхэм я дунейпсо махуэр икIи 2000 гъэм къыщегъэжьауэ къэрал куэдым щагъэлъапIэ ар, лъэпкъхэр хъума хъунымкIэ бзэхэм яIэ мыхьэнэшхуэм иджыри зэ псори иригъэгупсысыжу, я анэбзэм зрагъэужьын, ар яхъумэн папщIэ, дуней псом щызекIуэ хабзэхэр я тегъэщIапIэу, я къалэн ягъэзэщIэным дэтхэнэ зыри къыхуриджэу.

Мазаем и 21-р къыщIыхахами щхьэусыгъуэ иIэщ - 1962 гъэм и апхуэдэ махуэм зи анэдэлъхубзэр зыхъумэжыну къэува цIыху гупышхуэ Бангладешым щызэтраукIауэ щытащ. Ар дунейпсо тхыдэм къыхэнащ къарурэ бжыгъэкIэ нэхъыбэ лъэпкъым зи гуащIэр мащIэ, зи хуитыныгъэкIэ нэхъ дэкъуза лъэпкъыр зыхидзэфынкIэ хъуну бэлыхьым и щапхъэ фIыцIэу. Апхуэдэ афIэкIа къэбгъэхъу зэрымыхъунум, сыт хуэдэ лъэпкъри и бзэм хуэсакъын зэрыхуейм я дамыгъэу ягъэуващ а махуэр.

Дунейм щызекIуэ бзэхэм ятеухуа къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр щызэхуэхьэса «Ethnologue» («Этнолог») каталогым зэритымкIэ, 2023 гъэм ирихьэлIэу зэратхамкIэ, ЩIы хъурейм къыщагъэсэбэп бзэ 7151-м. Ахэр хохьэ бзэ унагъуи 142-м. А бзэхэм ящыщу 40-р нэхъ зызыужьауэ щытщ, абыхэм иропсалъэ дунейм тетхэм я Iыхьэ щанитIыр. А псори хъарзынэт, ауэ узыгъэгузавэ бжыгъэхэри къахь. ООН-м иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм ятепщIыхьмэ, 2100 гъэм ирихьэлIэу лъэпкъ цIыкIухэм я анэдэлъхубзэхэм ящыщ куэд щыIэжынукъым.

ЮНЕСКО-м къыдигъэкI «Дунейм тет бзэхэм я атлас» журналым къыщыхьа дэфтэрхэм итщ мы зэманым зекIуэ бзэхэм ящыщу 2500-м нэсыр (абыхэм яхэтщ цIыху 30 фIэкIа зэрымыпсалъэхэри) къэкIуэну илъэси 10 бжыгъэхэм кърикIуэу... кърикубыдэу дунейм текIуэдыкIыжыну. ЩытыкIэ шынагъуэм иту къалъытэ зей лъэпкъхэм я нэхъыжьхэм фIэкIа, къащIэхъуэ щIалэгъуалэм ирикъуу къамыгъэсэбэп бзэхэр: ижорхэм, кърым-тэтэрхэм, нанайхэм я анэдэлъхубзэхэр. КIуэдыжынкIэ хъунущ лъэпкъым и сабийхэм анэдэлъхубзэу къамылъытэ цыджаныбзэр, мариибзэр, удмуртыбзэр. Унагъуэм фIэкIа, жылагъуэми къэрал IэнатIэхэми къыщагъэсэбыпыркъым башкирыбзэр, чувашыбзэр, нэгъуэщIхэри. Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэхэм яхэхуащ абхъаз-адыгэ бзэ гупым щыщ адыгеибзэр. Ар узыгъэгулэз Iуэхугъуэщ.

«Зи бзэм елъэпауэр уи псэми елъэпэуэфынущ. Бзэмрэ псэмрэ зэтохуэ», - жиIащ адыгэ еджагъэшхуэ Елбэд Хьэсэн. Зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж дэтхэнэ цIыху балигъми къыгурыIуэн хуейщ анэдэлъхубзэм лъэпкъ тхыдэм щиубыд увыпIэр псом нэхърэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

Хабзэ зэрыхъуащи, мы махуэхэм ди республикэм щокIуэкI Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм теухуа зэIущIэхэр, курыт школхэм, сабий гъэсапIэхэм щаублащ мазэ лэжьыгъэхэр. Ахэр яхуэгъэпсащ ди щIыналъэм щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъми и анэдэлъхубзэм и дахагъыр, къабзагъыр, абы и зэфIэкIыр игъэлъэгъуэным, зыIурылъ лъэпкъым емылъытауэ, бзэ псори мамырыгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ хуэгъэлэжьэным. Абыхэм къыщагъэлъагъуэ анэдэлъхубзэр лъэпкъым и гущIэм узэрынэсыф, и гупсысэхэм уазэрылъэIэсыф къарууэ зэрыщытыр.

**КЪАРДЭН Линэ.**



# Гугъэ нэхур къагъэуш

**Лъэпкъыр лъэпкъ зыщIыжри, хъуэпсапIэ псор зыпыщIари щIэблэрщ. Ар хэкупсэу, я бзэр яIурылъу, хабзэ яхэлъу, щэнхабзэр ямыгъэгъуащэу, щIэныгъэ яIэу гъащIэм къыпащэфмэ, бын хьэкъыр ягъэзащIэм и закъуэ мыхъуу, лъэпкъ ныбжьым къыпащауэ бжы! Апхуэдэу, гугъэ нэхухэр уагъэщIрэ уи щхьэр лъагэу уагъэлъагъужу мазаем и 20-м Бахъсэн округым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм дэт курыт еджапIэ №7-м щекIуэкIащ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм хуэгъэпса зэпеуэ дахэ. Ар иригъэкIуэкIащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ мы школым и егъэджакIуэ, курыт еджапIэм и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Бакъей Марианнэ.**

БАГЪЭТЫР Темборэ зи унафэщI курыт еджапIэм щIэс ныбжьыщIэхэм (5 - 8-нэ классхэм щеджэхэм) къагъэлъэгъуащ адыгэбзэр зэрагъэбзэрэбзэфыр, адыгэ хабзэм, джэгукIэхэм, псалъэжьхэм, псынщIэрыпсалъэхэм, лъэпкъ шхыныгъуэхэр зэрагъэхьэзырым зэрыщыгъуазэр, къызэрыфэмрэ уэрэд зэрыжаIэмрэ. «Адыгэ», «Iуащхьэмахуэ», «НартыхупIэнкI», «Адыгэпсэ», «Псынэ», «Дыгъэ нур», «Махуэгъэпс» гупхэм къагъэлъэгъуащ телевизорымрэ телефонымрэ «япIауэ», бзэр зыIурыхуж щIэблэу зэрыщымытыр. Ахэр гъэхуауэ, жьакIуэу, екIуу псалъэрт, лъэпкъ уэрэдыжьхэр кърашырт, къафэми хуэфIт, гушыIэ дахэри я гъуазэт. ЖыпIэнуракъэ, глобализацэм здихьу къытщыхъу щэнхабзэм а цIыкIухэр я хъумакIуэ мывэ къалэу къызэрыхуэувым шэч къытепхьэртэкъым.

Зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтыну кърагъэблэгъат тхакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и член-корреспондент Фырэ Анфисэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр» радиом и журналист Жыгуэ Иннэ, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо щIалэгъуалэ жылагъуэ-политикэ зэгухьэныгъэм Бахъсэн къалэ округым щиIэ къудамэм и унафэщI Къардэн Мадинэ сымэ.

Зэхьэрхуэрэгъухэм унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ зыкъагъэлъэгъуа, утыку кърахьа адыгэ шхыныгъуэхэр зэрагъэхьэзырым тепсэлъыхьа нэужь къэпщытакIуэ гупым япэ увыпIэр хуагъэфэщащ урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Ныр Рузаннэ зи унафэщI 6-нэ «А» классым щIэс «НартыхупIэнкI» гупым.

- Гуп къэс адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ зырыз къащхьэщыту ягъэхьэзырам хуэдэу къыпщыхъунущ. Ауэ щхьэж и класс унафэщIырщ зыгъэхьэзырыжар. Къафэхэри, уэрэдхэри, гушыIэхэри езы цIыкIухэм къыхахри, яфIэфIу загъэхьэзыращ, дерс нэужьхэм къанэурэ, и нэхъыбэм даримыгъусэу, къапщытэжу, елIэлIапэу пэрытащ. Мы гъэм школыр къэзыуххэм дакIэрыщIауэрэ, зэпеуэм хэтынухэм хуиту дадэлэжьэфакъым, арами, дыкъагъэщIэхъуакъым, - жиIащ инджылызыбзэмкIэ егъэджакIуэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ школ унафэщIым и къуэдзэ ПщыукI Иринэ.

Илъэс 40-м щIигъуауэ егъэджакIуэ лэжьыгъэм пэрыта Абазэ Маритэ зэрыжиIамкIэ, зэманми, гъащIэми, щIэныгъэми зэрызаужьымрэ адыгэм абыхэм зэрызадихъуэжымрэ кIэлъыплъу къогъуэгурыкIуэ.

- ЩIэблэр ди бзэм ирипсалъэркъым, хабзэ ящIэркъым жытIэурэ, нэхъыжьхэр догузавэ. Нобэ иджыри зэ сабийхэм сакIэлъыплъыжати, гу лъыстащ адыгагъэр я лъым зэрыхэтым, я пкъым зэрилъым: адыгэ макъамэр къызэреуэу я нэгум зихъуэжырт, утыку къилъадэу къэфэну зэрыхуейр къапщIэу, уэрэдыжь жызыIэм мыдрейхэр дежьут, псынщIэрыпсалъэхэр щыуагъэнщIэу, къаIурыщэщу ягъэшэрыуэт, адыгэбзэр тэмэм дыдэу имыщIу ди гугъа пщащэм лэкъум зэрапщымрэ зэрагъажьэмрэ гъэхуауэ тепсэлъыхьащ. Абы къигъэлъагъуэр зыщ - унагъуэращ псори къыщежьэжыр. Мыдрейхэр псори щхьэусыгъуэу аращ, - жиIащ нэхъыжьыфIым.

«Мыпхуэдэ зэIущIэхэмрэ зэпеуэхэмрэ уахэплъа нэужь уи гукъыдэжым зыкъеIэтыж, фIым ущогугъ, дызэригугъэм хуэдэу Iуэхур зэрымышынагъуэр, псори дэ дэлъытэжауэ зэрыщытыр къыбгуроIуэжри, узыщIогупсысыкIыж», - къыхагъэщащ къэпщытакIуэхэм.

Курыт еджапIэм и унафэщI Багъэтыр Темборэ зэрыжиIамкIэ, мы школым я сабий щеджэмэ яфIэфIу, Налшык къалэ, Каменномост нэс кърашу сабий зыбжанэ щIэсщ.

- Адыгэбзэм, Фащэм, Ныпым, Щыгъуэ махуэхэм ирихьэлIэу, Iэмал имыIэу, зэIущIэ, зэпеуэ, гъэлъэгъуэныгъэ гуэрхэр адыгэбзэкIэ идогъэкIуэкI. Ди сабийхэм я бзэр яIурылъуу, хабзэ зэрахьэу, лъэпкъ махуэшхуэхэм щыгъуазэрэ абыхэм хэту дгъэсэныр къалэн нэхъыщхьэу зыхудогъэувыж. КВН жыпхъэм тету мыпхуэдэ зэпеуэшхуэ япэу зэхэтшэу аращ, хабзэ дахэ тхуэхъунуи къытхуинэнуи согугъэ. Хэт ищIэрэ щIыналъэпсо зэпеуэу «Адыгэбзэ Хасэм» иригъэкIуэкI «Джэгурэшым» дыхэтынкIи хъунщ, мыр ди япэ лъэбакъуэщ, - жиIащ Багъэтырым.

**ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.**

# Мы махуэхэм

## Мазаем и 22, *щэбэт*

♦**1942 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щауэ Мухьэмэд**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Парламентым и депутату щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щоджэн Мартин**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и сенатор, КъБР-м и Президенту щыта, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**.

♦**1960 гъэм** къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIу лэжьа **Хьэсанэ Руслан**.

♦**1961 гъэм** къалъхуащ КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм, Ингушым я цIыхубэ артисткэ **Сокъур Ольгэ**.

♦**1974 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, доцент **Апажэ Аслъэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 8 - 7, жэщым градус 14 - 12 щыхъунущ.

## Мазаем и 23, *тхьэмахуэ*

♦**Урысейм Хэкум и хъумакIуэм и махуэр щагъэлъапIэ**

♦**1923 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Совет НэхъыщхьэмИ УнафэщIу, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару щыта **ШэджыхьэщIэ Мухьэмэд**.

♦**1923 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, КъБР-м и Гимным и макъамэр зытха **Къардэн Хьэсэн**.

♦**1923 гъэм** къалъхуащ УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ **Пащты СультIан**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Акъсырэ МуIэед**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъубжокъуэ Лиуан**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм бзыгъэу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 6 - 5, жэщым градус 12 - 11 щыхъунущ.

## Мазаем и 24, *блыщхьэ*

♦**1915 гъэм** къалъхуащ драматург, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Щхьэгъэпсо Мухьэмэд**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Алшагъыр Борис**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, хьэрычэтыщIэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Ерчэн Темболэт**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 4, жэщым градуси 8 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Бжьэ зэмыдзэкъам фом и уасэр ищIэркъым.**





# Хэку гупсысэр къару хуохъу

***Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхар къыщыхъеям зызыIэту къэралым къуэувахэм яхэтщ ди республикэм икIа щIалэхэр. Хэкум, лъэпкъым, унагъуэм, къэкIуэнум папщIэ! Аращ «хъумэн» лIы къалэным гупсысэу пагъэувар, я лъэр щIэзыгъэкIар. Къулыкъум упэрыува нэужь, япэ дыдэу къызыкъуэпхыр уи лIыгъэрщ. ПсэзэпылъхьэпIэ щихуэкIэ, зауэлIхэм куэдрэ къахуохуэ «ажалым и нэм» щIэплъэну. Мис абдеж езыхэм зыщалъагъужа нэужь, а зэхуакум къыдэхъуа къарур я Iэпкълъэпкъым хохьэ. Къулыкъу зыщIэм и гупсысэм уедаIуэмэ, къыбгуроIуэ, абы и лъэкIыныгъэхэр и гум къызэрыщежьэр. Ди псэлъэгъу Чэрим Ахьмэд Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Лашынкъей къуажэм щыщщ. Дзэ Iуэху хэхар къызэрыхъейрэ Украинэм щыIэщ. Къулыкъум къимыкIуэту зэрыпэрытым папщIэ зыхэт гупым я унафэщIхэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр къыхуагъэфэщащ. ЩIалэм унэм къыщыпоплъэ и унагъуэр.***

**- Ахьмэд, Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхар зэрыщIидзэрэ абы ущыIэщ**...

- 2022 гъэм и бадзэуэгъуэм си япэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIэздзащ. ШыщхьэуIум Харьков областым сыкIуащ. Мазитхукlэ абы дыщыIэху, IэпкълъэпкъкIи псэкIи дгъэващ гугъуехьыр, пэжым ухуеймэ. А зэманым ди нэгу щIэкIа куэдыр зыщыдгъэгъупщэпэну дыхуейт, пщIыхьым хуэдэу. Ауэ пщыгъупщэни яхэткъым. Сыт атIэ ди бгыр щIэткъуэзэну, ди плIэр духуэу къулыкъум дыпэрытыну сэбэп къытхуэхъур жыпIэмэ, дызэрызэкъуэтырщ, ди лъэпкъыр гуапэу къызэрытхущытырщ, фIыщIэ псалъэхэр зэрызэхэтхырщ, Урысейр зылI и быну бийм зэрыпэувыфам къыдита гушхуэныгъэрщ. Дзэ Iуэхур къыщыхъеям, «Водитель БТР» программэмкIэ къулыкъум зыхуэзгъэхьэзыращ. Мы зэманым сыхэтщ артиллерие дивизионым и ебгъэрыкIуэ 135-нэ полкым.

**- Уи гур зыгуэркIэ бгъэбыдэу къыщIэкIынущ. Сыт сэбэп къыпхуэхъур? Хэкур хъумэныр сытым къыщежьэрэ?**

- Зауэ губгъуэм уи гур щымыкIуэдынымкIэ сэбэп мэхъу узыхэт гупыр, зи унафэ ущIэт офицерхэм яIэ хэлъэтыр. Къулыкъу къыддащIэ къэралым и плIанэпэ куэдым къикIа щIалэхэм. Псори дызэрыIыгъщ, зыр адрейм ухуэмысакъмэ мащIэщ пхуэзэфIэкIынури. Зы унагъуэшхуэ хуэдэу дыхъуащи, тщыщ утыку къиднэнукъым. Къэхъуащ куэдрэ къулыкъу къыддэзыщIэхэр губгъуэм къыщитшаи, зи псэр абы щызыта къыщитхыжаи... Ди командирыр псэзэпылъхьэпIэхэм унафэ бзыгъэ къыхуэзыгъуэтыф офицерщ. Абы куэдкIэ и фIыгъэщ ди гупым и хэщIыр зэрымащIэр.

Ди къэралыр зыIуагъэува Iэнатlэм дызэрыIыгъыу дыпэлъэщын хуейщ ди унагъуэхэр мамырын, щIэблэ дахэ къытщIэхъуэн, къэкIуэн диIэн папщIэ. КъыдэкIуэтейхэм Iеймрэ мыхъумыщIэмрэ ящхьэщытхын, гузэвэгъуэм щытхъумэн - аращ мыбы щыIэхэм ди гупсысэр зытеухуар. Къэралыр, Хэкур тхуэхъумэмэ, ди унагъуэхэри хъума мэхъу.

Дауи, псэзэпылъхьэпIэщ къулыкъум упэрытыну. Ауэ дыкъикIуэтынкIи Iэмал иIэкъым. Пщэдей ди къэралым мамырыгъэр щытепщын папщIэ дэ нобэ гъуэгу гугъу зэпытчын хуейщ. Хэку лъагъуныгъэм, къуэшыгъэм, ныбжьэгъугъэм, къытпэплъэ ди унагъуэхэм папщIэ ди гур догъэбыдэ.

Хэкур анэ пэлъытэщ. Хэку-анэр къоджэмэ, гупсысапIэ уиIэжкъым, атIэ зыбоIэтри укъыщхьэщож. Хэкур хъумэным къокI анэр, унагъуэр, щIыналъэр, щIэблэм я къэкIуэнур, щIыхьыр хъумэныр.

**- Къулыкъу, дзэ Iуэху ущыпэрытым деж куэд уи нэгу щIокI, уи гупсысэм зихъуэжу. Уэ нэгъуэщIынэкIэ уеплъ хъуа гъащIэм?**

- Шэч хэлъкъым зауэм зэрызыуигъэхъуэжым. НэгъуэщIым и гуауэр хуабжьу щызыхыбощIэ мыбы. Украинэм цIыху мамырхэр егъэлеяуэ гугъу зэрыщехьыр нэрылъагъущ. Нэхъыжьхэм я нэпсым, бзылъхугъэ дэIэпыкъуэгъуншэхэм, къыдбгъэдыхьэурэ фIыщIэ къытхуэзыщI сабий псэ къабзэхэм - мыбыхэм псоми гу лъыботэ. Уи гур бгъэкIуэд хъунукъым, дауэ щытми. НэгъуэщIу уи псэр пэлъэщынукъым уи хъуреягъкIэ щыплъагъумрэ узыхэтымрэ. Абы щыгъуэм дежи укъэзыхъумэ къару гуэр пщIымыгъуу хъунукъым. Сэ къару схуохъу си унагъуэр. Куэд щIауэ зи нэгум хуиту симыплъа, зи ерыскъы IэфIым сыхуэзэша си анэм, щхьэгъусэм, бынхэм согупсыс.

**- «Зы унагъуэ хуэдэу дыхъуащ» жыбоIэ къулыкъу къыбдэзыщIэхэм я гугъу щыпщIыкIэ. Ари сэбэп хъууэ къыщIэкIынущ нэхъ лъэщ фыхъунымкIэ**...

- Мыбы щыIэ щIалэхэм лIыгъэ къызэрымыкIуэ яхэлъщ, захуагъэм тетщ, гущIэгъу яIэщ. Ди лъэр яхущIэудынукъым ем и IэщакIуэхэм. Сыту жыпIэмэ, дэ Хэкур хъумэным гурэ псэкIэ дыпэрытщ.

Куэд щыболъагъу мыбы. А псом щIалэхэр нэхъри дызэкъуагъэувэ. Бийм гущIэгъу зэримыIэм, щIэпхъаджагъэу зэрихьэхэм узэрытепсэлъыхьын псалъэ къыпхуэгъуэтыркъым. Мыбыхэм я цIыху сэфэтыр яфIэкIуэдащ. Мамыр цIыхухэм, бзылъхугъэхэм, жьыкIэфэкIэм лей кIэлъызэрахьэ.

Илъэсищ мэхъу Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэри, мыбы щыIэ зауэлIхэм я нэгу щIэкIым, лIыгъэу зэрахьэм, къарууэ къалъыкъуэкIым утепсэлъыхьын папщIэ, тхылъхэр пхуэтхыжынущ. Мыбы щыIэ дэтхэнэми езым и гъащIэ гъуэгу иIэжщ. Къэралым и къэкIуэнур хъумэнырщ псори зы дызыщIыжыр, а гупсысэм дегъасэ ди къалэным дытемыплъэкъукIыу япэкIэ дыкIуэтэну.

Зауэ хъыбархэм къыхощыр гуауэ, ахэр псыхьащ лIыгъэкIэ, тещIыхьащ захуагъэм. ИпэжыпIэкIэ, къулыкъум цIыхур ехъуэжыф, и гум нэхъыбэ тригъэхуэф, жэуаплыныгъэ хэлъ ещI. ГъащIэм и дакъикъэ къэс пфIэмыIэфIынкIэ Iэмал иIэкъым мыбы ущыIэу.

**- Ди республикэм никIыу дэIэпыкъуныгъэ, гулъытэ къыфлъэIэсрэ?**

- Сэри, къулыкъу къыздэзыщIэ щIалэхэми къыдбгъэдэкIыу фIыщIэшхуэ хуэсщIыну сыхуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. ДыкъыфIэIуэхущ, къытщIоупщIэ, ди Iуэху зытетыр зэрегъащIэ, сэбэп къытхуохъу. ФIыщIэ хузощI сэ сызыщыщ Шэджэм районым и администрацэм и унафэщI Борсэ Юрэ. Зыхыдощlэ абы къытхуищI гулъытэр. Ди республикэм кърагъэшурэ дэIэпыкъуныгъэ къытIэрохьэ щIэх-щIэхыурэ. Дауи, абыхэм дащогуфIыкI.

Письмохэр куэду къытIэрохьэ. Ди къэралым и плIанэпэ зэхуэмыдэхэм къратхыкI ахэр. Сабий псэ къабзэхэм я псалъэ хуабэхэм, нэхъ цIыкIу дыдэхэм дэр папщIэ ящIа сурэтхэм ди гур хагъахъуэ. АпщIондэхункIи щхьэж ди унагъуэм дыщIогупсыс. Дауи, дыхуозэш благъэ-Iыхьлыхэм. Къэдгъэнахэм къызэрытщыгугъыр щызыхыдагъащIэкIэ, нэхъри къимыкIуэт дохъу. ДыкъыщIежьар дгъэзэщIауэ дыкъызыдэкIа пщIантIэхэм дыдыхьэжыну дыхуейщ.

*Епсэлъар*
**ГУГЪУЭТ Заремэщ**.

# Тхыдэмрэ щIэблэмрэ я зэпыщIэныгъэ

**Зы лъэпкъ щыIэу къыщIэкIынкъым зэгуэр гузэвэгъуэ къытемыпсыхауэ. ЦIыхур куэдрэ гъэунэхуныгъэхэм пхыкIыну къыхуихуащи, апхуэдэ зы лъэхъэнэт Хэку зауэшхуэр щекIуэкIа илъэсхэри. Налшык къалэм дэт курыт школ № 32-м иджыблагъэ щрагъэкIуэкIащ «Хэкум и тхыдэ напэкIуэцI хахуэхэр» къалэ зэпеуэр. Илъэс къэс къызэрагъэпэщ а Iуэхум къалэ школу 26-рэ хэтащ.**

МЫ гъэм зэхьэзэхуэр ирагъэкIуэкIащ ТекIуэныгъэ Иныр къызэрытхьрэ илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ. Зэпеуэр Iыхьищу гуэшауэ щытащ, уэрэд жыIэным, сурэт щIыным, школакIуэхэм я щIэныгъэр къэпщытэным теухуауэ.

- Хабзэ дахэ хъуауэ, мазае мазэм идогъэкIуэкI «Хэкум и тхыдэ напэкIуэцI хахуэхэр» зэхьэзэхуэр. Мы гъэм ар тедухуащ ТекIуэныгъэ Иным и илъэс 80-мрэ дзэ Iуэху хэхар зэрекIуэкIымрэ. Зэпеуэм къыхыдошэ 9 - 11-нэ классхэм щеджэхэр. Шэч къытетхьэркъым абыхэм я ныбжьым итхэм «Хэку» псалъэм и мыхьэнэр нэсу къазэрыгурыIуэм. Къапщтэмэ, мы IуэхумкIэ къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжыр аращ: къыдэкIуэтей щIэблэр хэкупсэу, щыпсэу къэралым и нобэри и блэкIари ящIэу къэгъэтэджыныршщ, 1945 гъэм ТекIуэныгъэ къытхуэзыхьахэмрэ мы зэманым лIыгъэ зэрахьэу дзэ Iуэху хэхам щыIэхэмрэ пщIэ хуегъэщIыныршщ, - жеIэ Налшык къалэм и администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым и IэщIагъэлI пажэ Тетуев Аслъэн.

КъызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, мы зэхьэзэхуэм ныбжьыщIэхэр хуэзыгъэхьэзырыр тхыдэмкIэ егъэджакIуэхэм я закъуэкъым, атIэ а Iуэхум къыхохьэ Хэкум и шынагъуэншагъэмрэ ар хъумэнымрэ я лъабжьэр (ОБЗР) езыгъэджхэри макъамэмрэ сурэт щIынымрэ хуэзыгъасэхэри. Зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщу зэпеуэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъащ ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым школкIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм я IуэхухэмкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI пажэ Мыкъуэ ФатIимэ. Iуэхум зыкъригъэхьэлIащ военкоматым и лэжьакIуэ Саидахмедовэ Ритэ.

ЩIалэгъуалэм я щIэныгъэр къэзыпщыта гупым хэтащ къалэ школхэм тхыдэмкIэ я егъэджакIуэхэу Жолаев Аслъэнбэч, Алтуев Марат, Къандэхъу Залым, Мыд Залинэ, ОБЗР-мкIэ егъэджакIуэ ГъукIапщэ Хьэсэн сымэ. ШколакIуэхэм жэуап зратын хуей упщIэхэр теухуат Хэку зауэшхуэм и илъэсхэмрэ нобэрей зэманымрэ щыIэ Iэщэхэр зыхуэдэм, ХХ лIэщIыгъуэм дзэзешэу щыIахэм я сурэтхэр зэрацIыхум, апхуэдэуи СВО-м къыщагъэсэбэп дзэ техникэхэм.

НыбжьыщIэхэм ягъэлъэгъуащ сурэт щIыным зэрыхуэIэзэри. СыхьэтитIкIэ зэлэжьа сурэтхэр зытеухуауэ щытар Урысейм 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу зэрагъэуварт. Абыхэм я IэдакъэщIэкIхэм къыщагъэлъэгъуащ къэрал ныпымрэ гербымрэ, «хэкупсэ» псалъэм и мыхьэнэр къазэрыщыхъур. НыбжьыщIэхэм я лэжьыгъэхэр къапщытащ щIэныгъэ гуэдзэн етынымкIэ егъэджакIуэхэу Даниленкэ Оксанэ, Икаевэ Роксаланэ сымэ.

Зэхьэзэхуэм уэрэд жыIэнымкIэ и Iыхьэм хэтхэм утыку кърахьэн хуейт зауэ лъэхъэнэм теухуа уэрэдхэр. КъызэгъэпэщакIуэ гупым хэтащ ГъуазджэхэмкIэ сабий школ №1-м и егъэджакIуэхэр: Бэрбэч Светланэ, Хейфиц Еленэ, ПIаз Аннэ сымэ. Мы Iыхьэр къаIэта Iуэхур уи нэгу къыщIэзыгъэувэ, псэкIэ зыхозыгъащIэ Iэмалу жыпIэ хъунут. ЕджакIуэхэм ягъэзащIэ уэрэдхэмкIэ къызэхуэсахэм я гум нэсыну яхузэфIэкIащ.

Зэпеуэм кърикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь, гупу япэ увыпIэр къахьащ Налшык къалэм и гимназие №29-м, етIуанэ хъуащ курыт школ №32-р, ещанэр - гимназие №14-рщ.



Зауэ уэрэдхэр зыгъэзэщIахэм саугъэт нэхъыщхьэр къафIихьэхуащ курыт еджапIэ №33-м и еджакIуэ Рябич Станиславэ. Зауэм теуха сурэт нэхъ дахэ зыщIауэ къалъытар гимназие №13-м щIэс Щауэ Камилэщ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ ягъэлъэпIащ ЕгъэджэныгъэмкIэ департаментым и щIыхь тхылъкIэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

## Мэрем, мазаем и 28

### Первый

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «Человек и закон» (16+)
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** «Голос». Новый сезон (12+)
**23.30** Т/с «ПЕРВЫЙ НОМЕР» (18+)
**01.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### Россия 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «КУЛАГИНЫ» (16+)
**17.00** Прямой эфир (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** «Один в один» (12+)
**00.30** «Истории Большой Страны» (12+)
**01.30** Х/ф «Я БУДУ ЖДАТЬ ТЕБЯ ВСЕГДА» (16+)

### НТВ

**05.00, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Т/с «ШЕФ. ПРИЗРАКИ ПРОШЛОГО» (16+)
**22.10** Х/ф «ВО ТЬМЕ» (16+)
**00.15** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**02.00** «Захар Прилепин. Уроки русского» (12+)
**02.30** «Инфощит» (16+)
**03.10** «Квартирный вопрос» (0+)
**04.00** «Таинственная Россия» (16+)

### Звезда

**05.10** Т/с «РОЗЫСКНИК» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.20** «Ищу своих» (12+)
**10.05** «Специальный репортаж» (16+)
**10.20** «По горячим следам» (16+)
**10.40, 13.25** Х/ф «ЮНОСТЬ ПЕТРА» (16+)
**14.00, 15.05** Х/ф «В НАЧАЛЕ СЛАВНЫХ ДЕЛ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**17.15** Х/ф «22 МИНУТЫ» (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Оборона рубля» (12+)
**20.30** «Война миров». «Битва хитрости. Операция «Красная шапка» (16+)
**21.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
**23.30** «Музыка+» (12+)
**00.50** Х/ф «ГОРИ, ГОРИ, МОЯ ЗВЕЗДА» (16+)
**02.20** Х/ф «ПЕЧКИ-ЛАВОЧКИ» (16+)
**04.00** Д/с «Москва фронту» (16+)
**04.25** Х/ф «АЛЕНЬКИЙ ЦВЕТОЧЕК» (16+)

### Россия К

**06.30** «Музеи без границ»
**07.00** Легенды мирового кино
**07.30** Д/ф «Елизавета I. Королева-убийца?»
**08.20** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**08.45** Х/ф «БЕСЫ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.40** Новости культуры
**10.15** Шедевры старого кино
**12.00** Д/ф «Роман в камне»
**12.45** Открытая книга
**13.15** Д/ф «Алексей Смирнов. Маленькие роли Большого артиста»
**13.55** Х/ф «КОГДА СТАНОВЯТСЯ ВЗРОСЛЫМИ» (16+)
**15.15** Д/с «Запечатленное время»
**15.45** «Энигма»
**16.30** Письма из провинции
**17.15** Хачатурян-гала. Концерт Государственного академического симфонического оркестра России им. Е.Ф. Светланова. Дирижер - Эдуард Топчян
**18.20** «Царская ложа»
**19.00** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**19.45** Д/ф «Цвет Арктики»
**20.15** Линия жизни
**21.15** Х/ф «ГОСУДАРСТВЕННЫЙ ПРЕСТУПНИК» (16+)
**22.45** «2 Верник 2»
**23.55** Х/ф «КОЛЯ - ПЕРЕКАТИ ПОЛЕ» (16+)
**01.35** Д/с «Искатели»
**02.25** М/ф «Лабиринт. Подвиги Тесея». «Загадка Сфинкса»

### Матч!

**06.00** «Тайны звезд спорта» (12+)
**06.30** «Большой хоккей» (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 23.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05** Небесная грация (6+)
**10.25** «Лучшие из лучших» (12+)
**11.30** Футбол. Еврокубки. Обзор (6+)
**12.35** Лица страны (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.35** Евротур (12+)
**15.30** Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
**19.30** Смешанные единоборства. OLIMPBET. Наше дело. Прямая трансляция из Казани
**22.00** Смешанные единоборства. И. Омаров - А. Сулейманов. АСА. Прямая трансляция из Москвы
**01.30** Центральный круг (12+)
**02.05** Д/ф «Леброн Джеймс. Король площадки» (12+)
**04.00** Новости (0+)
**04.05** «Вы это видели» (12+)
**05.00** Бокс. К. Ричардсон - Б. Усмонов. Bare Knuckle FC. Прямая трансляция из США

## Щэбэт, гъатхэпэм и 1

### Первый

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.00** «Умницы и умники» (12+)
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00, 12.00** Новости
**10.15** Д/ф «Влад Листьев. Улыбка на память» (12+)
**11.10** «Играем свадьбу!» (12+)
**12.15** Д/ф «Час пик Влада Листьева» (16+)
**14.30** «Они выбрали - Родину» (16+)
**15.05** Спецпроект. «30 лет вместе». «Последний герой» (16+)
**16.55** «Кто хочет стать миллионером?» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Народный ледниковый» (0+)
**21.00** «Время»
**21.35** «Сегодня вечером» (16+)
**23.10** Д/ф «Голос поэта» (16+)
**01.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### Россия 1

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Большие перемены
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** «Юмор! Юмор! Юмор!!!» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «ПРИНЦ НА КРАСНОМ ВЕЛОСИПЕДЕ» (16+)
**00.40** Х/ф «МОЯ ИДЕАЛЬНАЯ МАМА» (16+)

### НТВ

**04.45** Х/ф «СОЮЗ НЕРУШИМЫЙ» (16+)
**06.20** «Жди меня» (12+)
**07.20** «Смотр» (0+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «Поедем, поедим!» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малозёмовым» (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** Основано на реальных событиях (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
**20.10** «Суперстар!» (16+)
**23.30** «Ты не поверишь!» (16+)
**00.30** «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
**01.00** Квартирник НТВ у Маргулиса (16+)
**02.25** «Дачный ответ» (0+)
**03.15** Х/ф «ПОСЛЕДНИЙ ВАГОН. ВЕСНА» (18+)

### Звезда

**05.30** Х/ф «ВОЛШЕБНАЯ ЛАМПА АЛАДДИНА» (16+)
**07.05** Х/ф «ПРИКАЗАНО ВЗЯТЬ ЖИВЫМ» (16+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Второе мнение» (12+)
**09.45** «Легенды музыки» (12+)
**10.15** «Легенды кино» (12+)
**11.05** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
**11.55** «Не факт!» (12+)
**12.30** «Любовь на линии огня». «Минуту счастья делим на двоих» (16+)
**13.20** «Великие битвы России». Док. драма (16+)
**16.20** Х/ф «ПЕТРОВКА, 38» (16+)
**18.20, 19.25** Х/ф «ОГАРЕВА, 6» (16+)
**20.40** Х/ф «22 МИНУТЫ» (16+)
**22.25** Х/ф «ЧАСОВЩИК» (16+)
**00.25** Х/ф «ТИХОЕ СЛЕДСТВИЕ» (16+)
**01.40** «Великие битвы России». Док. драма (16+)
**04.05** Х/ф «ВНИМАНИЕ! ВСЕМ ПОСТАМ...» (16+)

### Россия К

**06.30** «Библейский сюжет»
**07.05** М/ф «Девочка + дракон». «Малиновое варенье». «Забытый день рождения». «Крококот». «Снегопад из холодильника». «Урок музыки». «Вреднюга». «Слоненок»
**08.25** Х/ф «ОШИБКА ИНЖЕНЕРА КОЧИНА» (16+)
**10.15** «Мы - грамотеи!»
**10.55** Д/с «Передвижники»
**11.25** Х/ф «МЕТЕЛЬ» (16+)
**12.45** «Эрмитаж»
**13.15** Черные дыры. Белые пятна
**13.55** Д/ф «Заповедное. Путь зубра»
**14.40** «Рассказы из русской истории»
**15.30** Д/ф «Мой личный план преображения планеты»
**16.30** Х/ф «КАИН XVIII» (16+)
**18.05** Д/с «Предки наших предков»
**18.45** Д/ф «Вокзал для двоих». Отвали! Он для меня играет!»
**19.30** Новости культуры
**19.45** Х/ф «ВОКЗАЛ ДЛЯ ДВОИХ» (16+)
**22.00** «Агора»
**23.05** Х/ф «МАСКАРАД» (16+)
**00.50** Д/ф «Заповедное. Путь зубра»
**01.30** Д/с «Искатели»
**02.20** М/ф «Банкет». «Пиф-паф, ой-ой-ой!». «Гром не грянет»

### Матч!

**06.00** Бокс. К. Ричардсон - Б. Усмонов. Bare Knuckle FC. Прямая трансляция из США
**08.00, 13.20, 15.25** Новости
**08.05, 21.30, 01.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.30** Лыжные гонки. ФосАгро. Чемпионат России. Скиатлон. Женщины. Прямая трансляция из Казани
**11.10** Лыжная страна
**11.50** Лыжные гонки. ФосАгро. Чемпионат России. Скиатлон. Мужчины. Прямая трансляция из Казани
**13.25** Баскетбол. ЦСКА - УНИКС (Казань). Единая лига ВТБ. Прямая трансляция
**15.30** Футбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - ЦСКА. МИР. Российская премьер-лига. Прямая трансляция
**19.15** Футбол. «Краснодар» - «Крылья Советов» (Самара). МИР. Российская премьер-лига. Прямая трансляция
**22.50** Футбол. «Атлетико» - «Атлетик». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**01.55** Смешанные единоборства. OLIMPBET. Наше дело. Трансляция из Казани (16+)
**03.00** Смешанные единоборства. М. Кейпе - А. Алмабаев. UFC. Прямая трансляция из США

## Тхьэмахуэ, гъатхэпэм и 2

### Первый

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** Играй, гармонь любимая! (12+)
**06.55** «Часовой» (12+)
12.50 - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.45 - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.50 - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
14.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
16.05 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
16.45 - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
17.05 - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
17.20 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
17.45 - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
18.05 - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
18.35 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
18.50 - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.30 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
22.35 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.25 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, гъатхэпэм и 1**

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
2.30 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
3.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
5.10 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.30 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.25 - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
10.00 - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.20 - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.21 - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
11.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.00 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
12.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
14.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
14.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
15.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
16.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
16.21 - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
16.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
17.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
18.00 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
18.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.20 - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
20.35 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
22.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.20 - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
23.30 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, гъатхэпэм и 2**

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
3.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.25 - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
4.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
4.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
5.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
5.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
6.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
6.44 - 7.00 «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

*«ХъыбарыщIэхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00*
*«ХъыбарыщIэхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00*
*«ХъыбарыщIэхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00*

7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
8.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.45 - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.35 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
10.10 - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
10.40 - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.10 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
14.10 - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
14.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
15.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.40 - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
16.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.40 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
17.50 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
18.00 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
21.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

**ДифI догъэлъапIэ**

# Щэнхабзэр зыгъэбея

**ХьэIупэ ДжэбрэIил къыщалъхуа махуэщ мазаем и 20-р, ар илъэс 83-рэ ирикъуащ. ЗэрыфщIэщи, зи юбилейхэрщ газетыр зытетхыхь хабзэр, ауэ лIэщIыгъуэм апхуэдэ зы къалъхуми аращ зыхужыпIэн ДжэбрэIил илъэс къэси узытетхыхь хъуну цIыху гуащIафIэщ. Аращ нэхъ щIэх-щIэхыурэ и гугъу щIыфхуэтщIри.**

**Ди гуапэу тыдодзэ макъамэмкIэ егъэджакIуэ, композитор ЗэрамыщIэ Заретэ ди редакцэм къыIэригъэхьа тхыгъэр.**



КОМПОЗИТОР, усакIуэ, егъэджакIуэ, сурэтыщI ХьэIупэ ДжэбрэIил Къубатий и къуэр 1984 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, 2019 гъэ лъандэрэ абы и тхьэмадэщ.

ХьэIупэ ДжэбрэIил 1994 гъэм «Адыгейм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», 1995 гъэм «Урысей Федерацэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артистщ, Урысей Федерацэм Шостакович Дмит-рий и цIэкIэ щат саугъэтым и лауреатщ, 1995 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр къратащ. 2017 гъэ лъандэрэ зэрехьэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр.

Хэку зауэшхуэм и гуащIэгъуэу, 1942 гъэм мазаем и 20-м, Нартан къуажэ (Къылышбийхьэблэ) къыщалъхуащ ХьэIупэ ДжэбрэIил.

Макъамэр и псэм зэрыхэлъыр абы япэу иуса, Тхьэгъэзит Зубер и псалъэхэр зыщIэлъ «Си гъатхэ» уэрэдми къегъэлъагъуэ. А зэманым (1962 гъэм) ар ещанэ курсым щеджэрт. Уэрэдыр апхуэдизкIэ гурыхь ящыхъуати, цIыхубэм зэдащтат, зэрыжаIэщи, дзапэ уэрэду. Абдежым щегъэжьауэ ХьэIупэ ДжэбрэIил и цIэр цIыхубэм яхэIуащ. Уэрэдыр нобэми щIэблэм ягъэзащIэ, и псалъэкIи макъамэкIи зэрыпылъхьэншэм и щыхьэту.

1963 гъэм Налшык дэт музыкэ училищэр къеухри, Налшык езанэ курыт еджапIэм лэжьэн щыщIедзэ. ЕтIуанэ лэжьапIэу иIэщ езым къиуха училищэр. Макъ жьгъыру зиIэхэм я зы гуп къызэрегъэпэщ, репертуар яхузэхегъэувэри, уэрэдыр макъиищкIэ жаIэу, гармоние дахэкIэ гъэнщIауэ, гупыр утыку ирешэ.

Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэмкIэ и етIуанэ зэхуэсышхуэу (фестиваль) Орджоникидзе къалэм щекIуэкIам 2-нэ увыпIэр къыщахьат гупым, ДжэбрэIил зэхиша щIалэгъуалэм я зэфIэкIым псори арэзы техъуауэ.

ЩIалэщIэм къыгуроIуэ куэдым иджыри зэрыхуеджапхъэр, композитор IэщIагъэм щIохъуэпс. ДжэбрэIил и гупсысэр къыдеIыгъ Урысей Федерацэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор цIэрыIуэ Къардэн Хьэсэн.

1964 гъэм ДжэбрэIил щIотIысхьэ Тбилиси дэт консерваторэм, композитор Шаверзашвили А. В. и классым. ДжэбрэIил и акъылыр, и гупсысэр еджэным етащ. А гъэ дыдэм къохъулIэ «Цикл прелюдий для фортепиано» зыфIища и лэжьыгъэр, лъэпкъ макъамэхэр тегъэщIапIэ ещIри, прелюдиеу 6 етх: «ЛIыжьым и тхьэусыхэ», «ГушыIэ», «ПщIыхьэпIэ», «Нэхущ», «Нартхэм я лъэ макъ», «Къафэ».

Мы пшыналъэхэр 1965 гъэм игъэзэщIащ КъБР-м и пианисткэ цIэрыIуэ Фридман Беатрисс. Прелюдие циклым и ужь иту, композитор щIалэщIэр йолэжь и гъащIэм къыдэгъуэгурыкIуа лъэпкъ уэрэдхэм, псэщIэ уэрэдыжьхэм хелъхьэж. Дунейм къытохьэ «Хъыджэбз уэрэдхэр» (адыгэ уэрэдибл) циклыр: и шыпхъу Нинэ и уэрэд «Сытхэр си Iэмал?», «Нэкъулэн», «МуIэед», «Хьэтау», «Уи дахагъэр», «Хэдэ симыIэ», «Ущыхэт сымыщIэ».

3-нэ курсым щIэсу скрипкэмрэ фортепианэмрэ щхьэкIэ итха «Япэ сонатэр» егъэджакIуэхэм ягу дыхьэпат. Абы и профессиональнэ теплъэр зэрыгуакIуэм къыхэкIыу, ар 1966 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м Тбилиси и телевиденэм къитауи щытащ.

ДжэбрэIил «Япэ симфоние» зыфIища и диплом лэжьыгъэми ехъулIэныгъэшхуэ иIащ. Ар гъэнщIащ полифониекIэ, полиритмие дахэкIэ, «Андемыркъан» и уэрэдыр и кIыхьагъкIэ пхрокI. А лэжьыгъэр Шаверзашвили А. апхуэдизкIэ игу ирихьати, ДжэбрэIил къыжреIэ: «Уи щIэныгъэм адэкIи щыхэбгъэхъуэну аспирантурэм къанэ!» АрщхьэкIэ, и унагъуэ Iуэхукlэ хуэкIуэтэркъыми, и лъахэм къигъэзэжащ. ИужькIи, 1975 гъэм, ДжэбрэIил тхыгъэ къыIэрыхьат: «Грузием и мылъкукIэ ущедгъэджэнущи, аспирантурэм къакIуэ», жиIэу иту. Абы щыгъуэми еджэныр япэ хуигъэщакъым.

1969 гъэм ДжэбрэIил егъэджакIуэу егъэзэж езым къиуха училищэм. И лэжьыгъэм къыдэкIуэу, композиторым Iэмал егъуэт итхахэр утыкушхуэ кърихьэну. 1970 гъэм Налшык щокIуэкI СССР-м и композиторхэм я зэхуэс. Мы зэIущIэм ДжэбрэIил и «Япэ симфониер» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоние оркестрым щегъэзащIэ, Щербаков Иван я унафэщIу.

Концерт нэужьым, щIалэщIэм Урысейм и композитор цIэрыIуэ Баласанян С. къыбгъэдыхьэри къыжриIащ: «Уи дэфтэрхэр гъэхьэзыр, Композиторхэм я зэгухьэныгъэм ухэдгъэхьэнущ, пхуэфащэ дыдэщ». Апхуэдэу 1970 гъэм ХьэIупэ ДжэбрэIил СССР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьэ. А гъэ дыдэм ДжэбрэIил, и насып къиихьри, Композиторхэм я унэм ягъэкIуа гупым хэхуащ. Мыбдежым ДжэбрэIил и зэфIэкIым щыхегъахъуэ. А зэманым ДжэбрэIил цIыхугъи чэнджэщэгъуи къыхуохъу композитор цIэрыIуэ Клюзнер Борис.

ХьэIупэм и творчествэм къыхэлыдыкI «Сказки седых гор» симфоние сюитэр щитхар еджакIуэ здагъэкIуаращ, зыхуитхари ныбжьэгъу къыхуэхъуа Клюзнер Борисщ.

Мы симфоние сюитэр IыхьиплIу зэхэлъщ, адыгэ уэрэдрэ макъамэкIэ гъэнщIащ. А сюитэр 1974 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Осетие Ищхъэрэм и филармонием и симфоние оркестрым игъэзэщIащ. Iэгуауэ ин зэрыхуаIэтам къиищынэмыщIауэ, псалъэ гуапэ куэди хужаIащ: «ДжэбрэIил итха макъамэм гур игъэпIейтеящ, зы бэуэгъуэу фIэкIа пщымыхъуу блэлъэтащ зэманыр, гармоние зэхэлъыкIэм узыIэпешэ». А зэIущIэм къеблэгъа, Урысейм и композитор цIэрыIуэ Щедрин Родион концерт нэужьым жиIат мыпхуэдэ сюитэм зэрыхуэфащэр европей концерт гъэлъэгъуапIэ нэхъ цIэрыIуэхэм симфоние оркестр нэхъыфIхэм щагъэзэщIэну.

Родион Щедрин жиIар наIуэ хъуащ - «Сказки седых гор» сюитэр Чайковскэм и цIэр зезыхьэ концерт гъэлъэгъуапIэм (Москва) 1975 гъэм щыIуащ.

ДжэбрэIил ди щIыналъэм и щэнхабзэм зиужьынымкIэ хузэфIэкI къимыгъанэу зэрылэжьам и щыхьэтщ, илъэс къэс жыхуаIэм хуэдэу, и IэдакъэщIэкI дунейм къызэрытехьар: «Адыгэ щIалэгъуалэ увертюрэ» (1971), симфоние оркестр иным щхьэкIэ итха «Драматическэ поэмэр» (1972), «Нарт хъыбархэр» (1973). СССР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и лъэIукIэ 1975 гъэм етх «ЕтIуанэ симфониер», литва усакIуэ Межелайтис Эдуардас и псалъэхэр щIэлъу. Композиторым макъамэ зэмылIэужьыгъуэхэм гулъытэ хуещI, жанр куэд къызэщIиубыдэу: симфоническэр, камернэр, инструментальнэр.

Апхуэдэу дунейм къытохьэ камернэ музыкэм хуэгъэза и IэдакъэщIэкIхэр: Бах Иоганн и фэеплъу «Флейтэмрэ фортепианэмрэ папщIэ сонатэ» (1978), и егъэджакIуэ, совет композитор цIэрыIуэхэу Клюзнер Борисрэ Шостакович Дмитрийрэ фэеплъ яхуищIа «Скрипкэмрэ фортепианэмрэ папщIэ 2-нэ сонатэр» (1979).

А псом гу лъамытэу къэнакъым. Псалъэм папщIэ, композитор цIэрыIуэ Кабалевский Дмитрий «Музыкальная жизнь» журналым (1970) ХьэIупэм и творчествэм щытепсэлъыхьат, сыт и лъэныкъуэкIи абы зэфIэкIышхуэ зэриIэр къыхигъэщу.

1980 гъэхэми композиторыр емызэшыжу мэлажьэ. И IэдакъэщIэкIхэм я лъабжьэщ лъэпкъым и нарт эпосым хуиIэ лъагъуныгъэр. А лэжьыгъэхэр гъэнщIащ лъэпкъ пшыналъэхэмкIэ. ДжэбрэIил симфоние оркестрым папщIэ итхащ «Пшыналъэ» («Наигрыши», 1980), «Адыгей увертюрэ» (1981), «Нартхэр» увертюрэр (1983), IыхьиплIу зэхэлъ сюитэ «Си сабиигъуэм епха гукъэкIыжхэр» (1983), оркестрышхуэм папщIэ «Рапсодие» (1981), струннэ концерт «Темэмрэ вариацэхэмрэ» (1984), скрипкэмрэ фортепианэмрэ папщIэ «Сонатэ №3» (1984).

И IэдакъэщIэкI гъуэзэджэу къалъытэ «Псыхэгъэ» зыфIища ещанэ симфониер. ГурыIуэгъуэщ композиторым и лэжьыгъэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар и Хэкумрэ и лъэпкъымрэ зэрыарар. Ауэ профессиональнэ музыкэм пэгъунэгъу дэтхэнэми зыхищIэнущ композиторым мы лэжьыгъэмкIэ къиIуатэ гурыгъу-гурыщIэхэр.

Композиторым хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ лъэпкъым и камернэ музыкэми. ДжэбрэIил и тхыгъэхэм Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэщIаубыдэ: фортепианэ, флейтэ, къамыл, скрипкэ, адыгэ Iэпэпшынэ, нэгъуэщIхэри.

ДжэбрэIил щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хуеджэ, хуэлажьэ щIалэщIэхэм пьесэ зыбжанэ яхуетх: «ЕтIуанэ тетрадь», 1986 гъэм (пьесэу 10, прелюдиерэ фугэрэ и гъусэу), «Сюитэ №1», флейтэмрэ фортепианэмрэ папщIэ (1986), поэмэ «Двойная фуга» (1986). «Адыгейский концерт», скрипкэмрэ оркестрымрэ папщIэ (1987).

Композиторым къегъэсэбэп ди лъэпкъэгъу бжьэдыгъухэм, шапсыгъхэм я лъэпкъ макъамэхэм я зэхэлъыкIэр, концертым и фIэщыгъэри къызыхэкIар аращ. Тхыгъэр зыгъэзэщIэн щымыIэу илъэс 11-кIэ щылъауэ, УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, Урысейм и цIыхубэ артист Казенин Владислав а концертыр 1998 гъэм Ярославль щекIуэкIа, «Панорама музыки России» III фестивалым и программэм хигъэхьэри, УФ-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Замураев Родион щигъэзэщIауэ щытащ, симфоние оркестрыр и гъусэу.

«**Камернэ музыкэ» жыхуаIэм хуэдэу итхахэм ящыщщ**: «Сюитэ №2», флейтэмрэ фортепианэмрэ папщIэ (1988); струннэ оркестрым папщIэ «Сюитэ», Iыхьищу зэхэлъу (1992).

Творческэ бгъэдыхьэкIэ щIэщыгъуэ зиIэ композиторым зигъэнщIыркъым итхымрэ илэжьымкIэ. Гобой Iэмэпсымэм и макъыр пэгъунэгъуу ебж къамыл бжьамийм и макъым, езыми лъэпкъ макъамэм хуищIа лъагъуныгъэр, и пкъым хыхьа адыгэ IуэрыIуатэр къыхэщу етх «Чэщей пшыналъэ» («Самшитовый напев», 1988) камерно-инструментальнэ сюитэр. Ар Iыхьитхуу зэхэлъщ: «Нартыжь къафэ», «Бжьамий макъамэ», «Чэщей пшыналъэ», «Пхъэм и тхьэусыхэ», «Ажэгъафэ удж». Сюитэм ущедаIуэкIэ, бжьамиймрэ шыкIэпшынэмрэ чэзууэ зэпеуэу, макъамэ къэс тхыпхъэ дахэм ухуишэу, уигъэлъагъуу къыпщохъу.

ДжэбрэIил и IэдакъэщIэкIхэм адыгэ пшыналъэхэм гулъытэ хэха щыхуещI, иджырей жыпхъэхэм иригъэувэн папщIэ. Адыгэ пшынэм Iыхьищу зэхэту хуитха сонатэр ди щэнхабзэм и тхыдэм япэу ущрихьэлIэу аращ.

**Пшынэм папщIэ итхахэм ящыщщ**: «Сонатэ» Iыхьищу зэхэлъыр (1989); прелюдие 12-р (1992); «Тройной концерт», скрипкэм, флейтэм, адыгэ пшынэм папщIэ, оркестрыр и гъусэу (1992); «Сонатэ-поэмэ», флейтэмрэ адыгэ пшынэмрэ папщIэ (1994).

Лъэныкъуэ куэдкIэ гъэщIэрэщIауэ зэщIопщIыпщIэ ДжэбрэIил хорым хуитхахэр. 1974 гъэм абы къехъулIащ вокальнэ циклхэу профессиональнэ музыкэм увыпIэ лъагэ щызыгъуэта лэжьыгъэхэр. Псом хуэмыдэу композиторым и псэр хилъхьащ «Фрески» циклым, псалъэхэр зейр и адэшхуэ ПащIэ Бэчмырзэщ. Бэчмырзэ и псалъэхэмрэ ДжэбрэIил итха макъамэмрэ «акъылэгъу» зэдэхъури, IыхьиплIкIэ зэпыщIа сюитэр ди щэнхабзэм и хэлъхьэныгъэ нэхъ къулейхэм ящыщ хъуащ. 1975 гъэм аргуэру хорым хуетх зы цикл, къэбэрдей лъэпкъ усыгъэр лъабжьэ хуохъури. Абы фIищащ «Уэрэдий, хорым папщIэ»: «Щхьэл», «Бабынэ и лъакъуэ цIыкIур», «Си къазыр фи деж нэкIуауэ пIэрэ?», «Сызеиншэщ, сэ сызеиншэщ». Мы уэрэдхэр сабийхэм яхуэгъэзами, хорышхуэми (цIыхубз макъ, цIыхухъу макъ зэхэтхэм) игъэзащIэ хъунущ. Хорым хуитхахэм лъабжьэ яхуэхъуащ адыгэ лъэпкъ уэрэдхэм я зэхэлъыкIэр, ДжэбрэIил и гармоние гуакIуэ зыми емыщхьыр, мелодие зэблэхъукIэ узыIэпызышэр.

**Хорым щхьэкIэ итхахэм ящыщщ**: «Си Хэку» («Родина», 1982), пс. Бещтокъуэ Хьэбас ейщ; «Си щIыналъэ», пс. КIуащ БетIал ейщ; «ХьэгъуэлIыгъуэ», цIыхубз макъ, цIыхухъу макъ зэхэтхэм папщIэ; «Давно ли цвел зеленый дол?», цIыхухъу хорым папщIэ, пс. Бернс Роберт ейщ.

ХьэIупэм итха уэрэд хэмыту музыкэмкIэ зы радионэтыни блэкIыркъым, и макъамэр цIыхубэм ягу дохьэ, нэхъыщIэхэми нэхъыжьхэми дзапэ уэрэд яхуэхъуащ. Ахэр ягъэзащIэ лъэпкъым и уэрэджыIакIуэ нэхъыфIхэу Тут Заур, Бэгъуэтыж Светланэ, Шэрджэс Iэсият сымэ, нэгъуэщIхэми. Макъамэ зыхуитхри усэ хэплъыхьащ, КIыщокъуэ Алим, Тхьэгъэзит Зубер, Ацкъан Руслан, Бещтокъуэ Хьэбас, Бицу Анатолэ сымэ ейуэ. Нэхъыжьхэм ящыщу хэт зымыщIэр «Къэбэрдей», «Си лъагъуэ», «Сыт пхуэсщIэнур, сигу?», «Си гъатхэ», «Сыт сэ сыпагэу псоми щIыжаIэр?», «Лъагъуныгъэ лъагъуэ», «Розэр къыщыгъагъэм», «Телъхьэ уанэр си шым», «Ну, теперь вы, девчонки, пропали», «Снег идет», «Хъыджэбз уэрэд», нэгъуэщIхэри?!

Композиторым и IэдакъэщIэкIхэм ящыщу сабиигъуэ дахэм триухуар уасэншэщ. ЕгъэджакIуэхэм уэрэд цIыкIу къыщалъыхъуэкIэ, япэу дэIэпыкъуэгъу яхуэхъур ХьэIупэм къыдигъэкIа и тхылъхэрщ. ДжэбрэIил сабий циклу плIы итхащ: «Зу-зу баринэ», «КIыгуугум и джэ макъ», «Си бзу цIыкIухэр», «Зоопаркым».

ГъэщIэгъуэнкъым ХьэIупэ ДжэбрэIил «сабий композиторкIэ» егъэджакIуэхэр къызэреджэр, ныбжьыщIэхэм яхуэгъэза зэIущIэхэм зэрырагъэблагъэр. Езыми, щхьэх имыщIэу, сабийхэр егъэгушхуэ.

ЦIыкIухэм ятеухуауэ и гум илъ хуабагъэр, лъагъуныгъэр ХьэIупэм и лэжьыгъэм къыхощ. Гулъытэ хуещI анэм жиIэ гущэкъу, лъэтеувэ уэрэдхэми («Мимэ», «Лъабэдий», «Лъабэ дахэ», «Зу-зу баринэ», «Инэмыкъуэ), нэхъыжьым пщIэ хуэщIын зэрыхуейр къызыхэщхэми («ТIыс, дадэ», «Нанэ и уэрэд»). Нало Зауррэ Къэжэр Пётррэ я псалъэхэр зыщIэлъ, уасэ зимыIэ мы уэрэдхэр (псори зэхэту 25-рэ мэхъу) 1981 гъэм Налшык тхылъ тедзапIэм къыщыдигъэкIа «Зу-зу баринэ» тхылъым итщ.

ДжэбрэIил и гум щигъафIэ и тхыгъэхэм ящыщщ «КIыгуугум и джэ макъ» (пс. АфIэунэ Лиуан ейщ, 1987) сабий вокальнэ циклыр.

Мы етIуанэ циклыр фэеплъ хуищIащ и егъэджакIуэу щыта композитор Клюзнер Борис. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым Клюзнер и IэдакъэщIэкI «КIыгуугу» романсым здедаIуэм, ХьэIупэм ныбжьыщIэхэм яхуэгъэза цикл итхыну игу иреубыдэ. Арати, сабиигъуэм и нэщэнэ дахэхэр, псэущхьэхэми псэ зэраIутыр, абыхэм гулъытэ яхуэщIын зэрыхуейр къыхэщу, дунейм и къэхъукъащIэхэр къигъэлъагъуэу уэрэд цIыкIухэр къызэщIэзыубыдэ цикл щIэблэм яхуетх: «Гъатхэ», «Бжэндэхъу», «Джэдкъурт», «ХъумпIэцIэдж», «Бабыщ шыр», «ПцIащхъуэ», «Мазэм ит мэлыхъуэ», нэгъуэщIхэри.

КIэщIу абы къыкIэлъокIуэ композиторым «Си бзу цIыкIухэр» зыфIища и ещанэ циклыр, (псалъэхэр АфIэунэ Лиуан ейщ). Мы уэрэдхэр тыншу сабийхэм я гум ираубыдэ, ягъэщIагъуэу, макъ зэхэлъыкIэм дихьэххэу ягъэзащIэ: «КIыгуугу», «Си бзу цIыкIухэр», «Гъэмахуэ», «Удз гъэгъа сэ къэсщыпа», «Псыхьэлыгъуэ», «Лъатэ, си кхъухьлъатэ», нэгъуэщIхэри.

«Зоопаркым» зыфIища еплIанэ циклым, усакIуэмрэ композиторымрэ псэущхьэхэр щапхъэу къыщахь. Я теплъэхэр къагъэсэбэпри, цIыхухэм яхэлъ хьэл мыхъумыщIэхэр хэплъэгъукIыу, я щытыкIэхэр зэрызэщхьым гу лъыуагъатэу, укъэувыIэу узэмыплъыжынкIэ Iэмал имыIэу, уэрэдхэм уагъэгупсысэ. Апхуэдэ уэрэдылъэ-дыщэ пхъуантэ ХьэIупэ ДжэбрэIил ди сабийхэм тыгъэ яхуищIащ.

МузыкэмкIэ училищэм илъэс зыбжанэкIэ щригъэджа нэужь, ХьэIупэ ДжэбрэIил ирагъэблагъэ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым, музыкэм и теориемкIэ щригъэджэну. ДжэбрэIил и студентхэм къахэжанык Iхэм композитор IэщIагъэр я гъащIэм зэрыхипщам и фIыгъэкIэ, абыхэм къищIыкIащ ди адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ, ди щэнхабзэм и дамэ Жырыкъ Заур, Къэбэрдокъуэ Мурат, Еуаз Зубер, Блашэ Володя сымэ, нэгъуэщIхэри.

Лъэпкъ макъамэм и зыужьыныгъэм ХьэIупэм и гуащIэшхуэ хэлъщ, композиторым и IэдакъэщIэкIхэр зэрыуахъътыншэми шэч хэлъкъым.

*Тедзэным хуэзыгъэхьэзырар*
**КЪАНКЪУЛ Зазийщ.**

## Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис



Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ

● ЖыІэгъуэхэр

## Щхьэматэм акъыл изагъэркъым

♦Шыд къезымытынум шыкІэ елъэІурт.
♦Шыр лІыхъужьым и ныбжьэгъущ, лІым и лІыгъэр и Іэжьэгъущ.
♦Щэм ящІа унафэр зы унафэщІым екъутэжыф.
♦Щхьэхуещэ здэщыІэм хьэ щэхурыпхъуи щыІэщ.
♦Щхьэматэм акъыл изагъэркъым.
♦Щхьэщытхъум щытхъур кІэропщІэ.
♦Щхьэщытхъурэ кІыгуугурэ зэхуэдэщ.
♦Щхьэщытхъум и щхьэм шэч хуищІыжыркъым.
♦Щхьэщытхъум и бжэн щынэ къелъху.
♦ЩыгъынышІэ бгъуэтыху, щыгъыныжьри къэдабэщ.
♦Щыуэр щІогъуэжри, щІегъуэжар щыуэжыркъым.
♦Щыудафэм и фэр къезэвэкІыжащ.
♦ЩІалэгъуэм джэгуар жьыгъэм къыдоуджыж.
♦ЩІэгъуэм хъуапси, шхэгъуэм ухъуэпсэжынкъым.
♦ЩІыхуэ зытебгъахуэмэ, уІуэхутхьэбзащІэщ.

КІЭРЭФ Хьэсэнбий.

● ІуэрыІуатэ

## Акъылыншэри лІари зэхуэдэщ

ХьэтІохъущокъуэ Мысострэ Къетыкъуэ Аслъэнбэчрэ зэщыІеящ. Аслъэнбэч лей къытехьауэ къилъытэрти, шуудзэ игъэшэсащ, ХьэтІохъущокъуэ Мысост теуэн мурад ищІри. ЩІызэщыІеяри мыхьэнэншэ гуэрт: пщитІым я мэлыхъуэ зэхуилъауэ арат, лъы щІэбгъэжэн хэлътэкъым.

Къетыкъуэ Аслъэнбэч шуудзэ игъэшэсауэ щызэхихым, Жэбагъы пщым деж кІуащ, лІы гупышхуэ зыщІигъури. Пщым и пщІантІэм дыхьэри, Жэбагъы щІыгъу лІы гупым дыуэ ящІащ. Къейтыкъуэ Аслъэнбэч унэм къыщІэкІащ:

- Дыуэ щхьэ фщІырэ? - жери.
- УлІауэ зэхэтхати, дыкъэкІуауэ дыуэ дощІ, - жиІащ Жэбагъы.
- СызэрымылІар флъагъуркъэ? - игъэщІэгъуащ пщым.
- Акъыл зимыІэж лІыр лІа пэлъытэщ, - жиІащ Жэбагъы.

УкІытэжри, Къетыкъуэ Аслъэнбэч Іэщэр илъэтІылъыжащ.

# Къупщхьэлъапщхьэ лэпс

Абы щхьэкІэ къэбгъэсэбэп хъунущ ІэщышхуэхэмІ, Іэщ цІыкІухэм я къупщхьэхэр, лы якІэрылъыр къыкІэрагъэжа иужькІэ. КуцІ зэрылъхэри зэрымылъхэри джыдэкІэ зэпауд, сантиметри 6 - 8 я кІыхьагъыу. Ахэр псы хуабэпцІкІэ фІыуэ ятхьэщІ. ИтІанэ шыуаным ит псы щІыІэм халъхьэри, пэшхьэкум трагъэувэ. МафІэр ину блэуэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр чымчыркІэ къытрахыурэ. ИужькІэ мафІэр ирашэхри, шыуаныщхьэр тепІауэ сыхьэтитху-хыкІэ къагъэкъуалъэ, абы щыгъуи тхъурымбэр къытрах.

Лэпсыр хьэзыр хъуным дакъикъэ тІощІрэ тхурэ-щэщІ иІэжу абы халъхьэ бжьыныщхьэ укъэбза (зэрыпсоуэ), пхъы, губгъуэпхъ, бжьыныху укъэбза (хьэдзэурэ), шыгъу. Шыуаным ит лэпсыр мафІэм къытрахыжри, пэшхьэкубгъум трагъэувэ, дакъикъэ пщыкІутхутІощІ хуэдизкІэ щагъэт, лэпсым нэхъ мэ гуакІуэ къыхихын щхьэкІэ. Лэпсыр бинт тІуащІэщащІэкІэ языж. Лэпсым ирипщІ хъунущ хьэнтхъупс, шыпс, ауи уефэ хъунущ.




***Халъхьэхэр:*** псыуэ - г 3000, къупщхьэ зэпыудауэ - г 1000, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 100, пхъыуэ - г 60, бжьыныху укъэбзауэ, губгъуэпхъыу, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

● Лъэпкъхэр

## Бжьэдыгъухэр

Адыгэ лъэпкъхэм ящыщ зы бжьэдыгъухэр ижь-ижьыж лъандэрэ тенджыз ФІыцІэм и Іуфэм - ТІуапсырэ Щачэрэ (Сочэрэ) я зэхуакум - щыпсэуащ. Ахэр къэгъуэгурыкІуащ тІууэ гуэшауэ - хъымыщейхэмрэ чэчэнейхэмрэ. XVII лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэм бжьэдыгъухэм тенджыз Іуфэр ябгынэри, Кавказ къуршхэм я ищхъэрэ лъэныкъуэр хэщІапІэ ящІащ. XVII лІэщІыгъуэм икІэхэм абыхэм яІыгъащ ІэфІыпс псыхъуэм къыщегъэжьауэ Пшышэ нэс.

XVIII - XIX лІэщІыгъуэхэм я щхьэхуитыныгъэм папщІэ бжьэдыгъу мэкъумэшыщІэхэм бэнэныгъэ гуащІэ ирагъэкІуэкІащ. 1796 гъэм щыІа Бзиикъуэ зауэм къыщыщІэдзауэ 1856 гъэ пщІондэ ар екІуэкІащ, зэм гъэпщылІакІуэхэр, зэми лэжьакІуэбэр текІуэу. Уэркъ-мэкъумэшыщІэ зауэр 1856 гъэм иухащ, пщы-уэркъхэр хэкум ирахуауэ, республикэ псэукІэ лъахэм щагъэпсауэ. Абы и унафэр цІыху 18 зыхэт тхьэрыІуэ хасэм и ІэмыщІэ илът. Бжьэдыгъухэм я республикэр зэрыщыІар илъэсищ къудейщ - 1859 гъэм лъахэр урыс пащтыхьыдзэм иубыдри, адыгэхэм я демократие псэукІэр икъутэжащ.

Иджыпсту бжьэдыгъухэр зэуІуу щопсэу Адыгей Республикэм, Краснодар крайм, Тыркум. Бжьэдыгъухэр адыгеибзэм (кІахэ адыгэбзэм) иропсалъэ, адыгэу ятх.

Бжьэдыгъухэр мыслъымэнсуннитхэщ.

● Чэнджэщ

## Лъыр егъэкъабзэ, фІыуэ зэрегъакІуэ

ПІастэ хуабэ убар зэщІэбуфэмэ е зыгуэр тупІэмэ, ар уцІынынущ, псыр къыщІэжу.

* * *

Лъы зи мащІэ цІыхум нэхъ ишхырейуэ щытын хуейщ бжьыныху шыпсыр. Абы лъыр егъэкъабзэ, фІыуэ зэрегъакІуэ.

* * *

Шыпс, кхъуейжьапхъэ щащІкІэ куэдрэ зэІащІэмэ - шыпсри кхъуейжьапхъэри зэпышу мэхъу.

* * *

Бабыщ бзагуэр кІэцІа нэужь абы и джэдыкІэм уеІусэмэ, ар зейр а абгъуэм тетІысхьэжынукъым, джэдыкІэм цІыхумэ щыуащи.

* * *

Мэз кхъужь цІыкІур мыхъу щІыкІэ къыпохури, ар мэкъу, тхьэмпэ лъабжьэм щохъуж.

* * *

Тхъур нэхъыбэрэ бгъэвэжыхукІэ, нэхъ къабзэ икІи нэхъ ІэфІ мэхъу, куэдрэ зэІыхьэркъым.

● ГушыІэ

## Джэдум и хьилагъэр

Джэдур Іэмал хуекІуэу дзыгъуэхэр зэтришхыхьыну мурад ищІат. Лейуэ зэрихьахэм хущІегъуэжауэ, и гуэныхьхэр ипшыныжыну хьэжыщІ кІуэну зигъэІуащ. Дзыгъуэхэри я гъуэм къикІыу къыхуэкІуэу яриха лейр къыхуагъэгъуну ялъэІуу лІыкІуэ яхуищІащ.

Дзыгъуэхэм я фІэщ хъури, утыкум къихьащ. Джэдуми зигъэуардэу яхыхьэри къыщІидзащ:

- Къэпым щхьэ зэриІэр, абы илъыр абыкІэ къипх зэрыхъур псоми фщІэрэ? - жиІэри яхэупщІыхьащ.
- Сыт щІэдмыщІэр? - жаІащ псоми зыжьэу.
- АтІэ, а къэпыщхьэмкІэ къивмыхыу къэп щІэрыпсыр щІэвугъуэныр сыт? - жиІэри дзыгъуэхэр зэтриукІащ.

# Псалъэзэблэдз




***ЕкІуэкІыу:*** **2**. Іэхъуэ и ... и чэнджэщэгъущ. **5**. ... Іэгъэзагъэ щхьэкІэ, гугъэзагъэкъым. **8**. ... и пэри, и кІэри хъуэхъущ. **9**. Нысэм зэхихыу уи пхъум ... . **11**. Узыщымысхьри уимыІэххэри ... . **12**. ... умыцІыхумэ, нэхъ лъапІэр къыхэх.

***Къехыу:*** **1**. Жыгым и пщІащэр и ... . **3**. ... къохьэри, унэхьэр ирехү. **4**. ... бзу цІыкІум къегъэхъей. **6**. УкІытэр и ... щІэлъщ, акъылыр и бзэгу телъщ. **7**. Биижь благъэ хъуркъым, благъэжь ... хъуркъым. **10**. ... нэр ирещІ.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ**.

**Мазаем и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкІуэкІыу:*** **2**. Алъп. **3**. Щхьэпс. **5**. Щхьэ. **6**. Шхуэ. **7**. Къебэ. **9**. Къунан. **11**. Іужажэ. **13**. Апэсы. **15**. Хьэпс. **16**. Гъудэ. **18**. Тхъусэ.

***Къехыу:*** **1**. Іулъхьэ. **3**. Щыхь. **4**. Сэху. **8**. Бажэ. **10**. Напэ. **12**. Жэп. **14**. Сэхъу. **17**. Ду.

## ТХЬЭКЪУАХЪУЭ Мухьэмэд: Ди нэІэ ятетщ лъэ быдэкІэ гъащІэ гъуэгум теувэху




*Тхьэкъуахъуэ Мухьэмэд Нартан къуажэм сабий зеиншэхэм кІэлъыплъу дэт ІуэхущІапІэм (школ-интернат №5-м) и унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэщ. А ІэнатІэм пэрыхьэн ипэ, мы щІалэр нэгъуэщІ лэжьыгъэ гугъуххэми пэрытащ.*

*Тэрч къалэм и курыт школ №3-р 2004 гъэм къиуха нэужь, абы щІэныгъэ щызэригъэгъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым. ЕджапІэ нэхъыщхьэр къызэриухыу, Урысей гвардием хыхьащ, икІи къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр щиІыгъащ. Кавказ Ищхъэрэм щІэпхъаджащІэ гупхэр щыгъэкІуэдынымкІэ Іуэхухэм ар мызэ-мытІэу хэтащ, дзэ Іуэхухэм я ветеранщ. Дзэ къулыкъум къыщигъэлъэгъуа хахуагъэм къыпэкІуэу, абы ІуэхущІапІэ зэхуэмыдэхэм я дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ. Дзэ Іуэхур къигъэна нэужь, ар зэманкІэ щылэжьащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм. Тхьэкъуахъуэм упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.*

**- Мухьэмэд, иужьрейуэ лэжьапІэ пхуэхъуари тыншкъым, пщІэрэ жэуаплыныгъэрэ зыпылъщ. Уи гъуэгуанэм уриплъэжмэ, ІэщІагъэ къыхэпхыну узыхуеяр къыпІэрыхьауэ пхужыІэну?**

- Ди сабиигъуэм диІа хъуэпсапІэхэмрэ нобэ лэжьыгъэ ІэнатІэ тхуэхъуамрэ, пэжыр жысІэнщи, шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. ЕджапІэ нэхъыщхьэр къыщызухам, си ІэщІагъэм срилэжьэну хуит сыхъуат, ауэ апхуэдизкІэ лэжьыгъэ къэбгъуэтыныр а зэманым гугъути, сегупсысащ зэгурыІуэныгъэм Іэ тездзэу дзэм сыхыхьэжыну, зы илъэскІэ армэм сыщыІагъэххэти. ИкІи ар къызэхъулІащ. Абы сыхэтыху, гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкІи куэд къэсщІащ. Взводым и унафэщІу сыщагъэувам, къызгурыІуат си къэухьыр абы теухуауэ зэрымащІэр, еджэным адэкІэ пысщэн зэрыхуейр. Аращ къызыхэкІари, Ростов щІыналъэм щыІэ Росгвардием и еджапІэр къэзухыныр. 2010 гъэхэм, зэрыфщІэжщи, лъэпо- щхьэпо куэд дыхагъэтащ экстремистхэм. ЩІэпхъаджагъэ емыгъэлэжьыным теухуауэ щытащ сызыхэта дзэр. Ауэ зэман псоми иІэщ дэ дэмылъыта щхьэусыгъуэхэр, арати, дзэр къэзгъэнэн хуей хъуащ. Си узыншагъэр езгъэфІэкІуэжыныр щызухым, республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм лэжьыгъэ ІэнатІэ къыщысхуагъэлъэгъуащ. Куэдрэ сыгупсысакъым, сыту жыпІэмэ, гъэсэныгъэ Іуэхум дзэм сыщыщыІам хуэІэижь сыхуэхъуат. Си сабиигъуэм сызыщІэхъуэпсамрэ нобэ си лэжьыгъэмрэ зэтохуэ схужыІэнукъым, ауэ сигурэ си псэрэ зыхыхьэ Іуэхущ иджыпсту сызыпэрытыр.

**- Зеиншэхэм щІэныгъэ зэрыратыр мыдрей курыт школхэм я егъэджэныгъэм къыщхьэщыкІрэ? ІэщІагъэ къыхахынымкІэ дауэ фадэІэ-пыкъурэ?**

- Министерствэм сыщыщыІэм лэжьыгъэ ІуэхукІэ куэдрэ мы интернатым сыкъэкІуащ, я псэукІэм, зэреджэм, я зэманыр зэрагъакІуэм щыгъуазэ нэхъ пасэуи сыхъуат. Мыбы щыІэ зеиншэхэм уазэрыдэлажьэр нэгъуэщІ Іэмалщ, ар унагъуэм щыІэ сабийхэм ягъуэт гулъытэм зыкІи къыкІэрымыхуу щытын хуейщ сыхьэт тІощІрэ плІым и кІуэцІкІэ. Интернатыр къауха иужьи ди сабийхэм датеплъэкъукІыркъым, къыхаха ІэщІагъэм хуеджэфын хуэдэу дадоІэпыкъу, я Іуэху зыІутым дыщыгъуазэщ. Къищынэмыщ Іауэ, «постинтернатнэ» къудамэ диІэщи, абы щхьэусыгъуэ гуэркІэ общежит зымыгъуэтахэр щопсэу. НэгъуэщІу жыпІэмэ, лъэ быдэкІэ гъащІэ гъуэгум теувэху, ди гъэсэнхэм ди нэІэ ятетщ.

**- Сабийхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ дауэ зэхущыт? Сыт хуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр къагъэсэбэпрэ я дзыхь кърагъэзу къедэІуэн папщІэ?**

- ЕгъэджакІуэ къызэрыгуэкІ си фІэщ хъуркъым мыбы щылэжьэфыну. Ебгъэджэным и закъуэкъым, уэ езым гъэсэныгъэ, шыІэ пхэлъын хуейщ. Мыбы щэху хэлъкъым. Уи быным хуэдэу уахущытыпхъэщ: щомыгъэкІыу, ягури хыумыгъэщІыу. Сабийхэр къыпхуэгъэпцІэнукъым. Уи гур яхуэзэІухауэ щытын хуейщ.

**- Сыт хуэдэ Іуэхугъуэхэм ехъулІэныгъэ къыщагъэлъагъуэрэ фи гъэсэнхэм?**

- Си гуапэу къыхэзгъэщынщи, ди гъэсэнхэр зыхэт «Горянка» ансамблыр нэгъабэ пашэ щыхъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» зыфІаща гъуазджэхэмкІэ щІыналъэ фестивалым. 2024 гъэм и накъыгъэм ди центрым и футбол гупым хэтхэр щытекІуащ республикэм и интернатхэр щызэдэджэгуа зэпеуэм. Луякская Таня, 9-нэ классым щоджэ, абы стІолыщхьэ теннисымкІэ балигъхэр щызэхьэзэхуа урысейпсо зэпеуэм еплъахэм я саугъэтыр къыхуагъэфэщащ. А зэхьэзэхуэм хэтат Москва, Тамбов, Астрахань, Элиста, Луганск, Ставрополь къалэхэм, нэгъуэщІхэми къикІа спортсменхэр. Апхуэдэуи 7-нэ классым щІэс Бекиров Муса УФ-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ КІыщ Мухьэдин и цІэкІэ къызэрагъэпэща урысейпсо зэхыхьэм и саугъэт нэхъыщхьэр, медалыр, кубокыр къыщыхуагъэфэщащ.

**- Мы зэманым къэралым гулъытэшхуэ хуещІ щІэблэр хэкупсэу, къыщалъхуа лъахэм хуэщхьэпэн хуэдэу къэгъэхъуным. Уэ гъэсэныгъэ ІуэхухэмкІэ унафэщІым урикъуэдзэщ. Абы и лъэныкъуэкІэ сыт хуэдэ лэжьыгъэ евгъэкІуэкІрэ?**

- Сабий къытщІэхъуэхэм я Хэкур фІыуэ ялъагъуным, ар яхъумэфу егъэсэным хуэунэтІауэ гупжьей зыбжанэ ди школ-интернатым щолажьэ. Абы сабий куэд къызэщІеубыдэ. Псалъэм папщІэ, спорт клубым хуегъасэ я къарум, псынщІагъэм зегъэужьыным, «Турист» зыфІэтща кружокым сабийхэр гугъуехьым, лъэпощхьэпохэм пэщІэтыфу, ямыцІыху щІыпІэ я закъуэу къыщынэ хъумэ хэкІыпІэр къагъуэтыным хуегъасэ. «ХъумакІуэ» дзэ-хэкупсэ клубым екІуалІэ сабийхэр щыгъуазэ ещІ дзэм къулыкъу зэрыщащІэм, абы къыщагъэсэбэп Іэмэпсымэхэм, техникэхэм. Абы ипкъ иткІэ, ди сабийхэр зыплъыхьакІуэ дошэ ди гъунэгъу дзэ частхэм.

«Школ-интернатым сабийхэм яІудгъэщІэну щІэх-щІэхыурэ къыдогъэблагъэ республикэм и ІуэхущІапІэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр. Апхуэдэу ди хьэщІащ, псалъэм папщІэ, «Пашэхэм я зэщІэхъееныгъэ» жылагъуэ щІыналъэ къудамэм и унафэщІ, КъБР-м и Парламентым и депутат Шыпш Аслъэн, КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин ІуэхущІапІэм и лІыкІуэ Сыжажэ Алим сымэ, республикэм и спортсмен, гъэсакІуэ цІэрыІуэхэр. Къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжхэм ящыщщ мы школыр къэзыухыу щІэкІахэр зыщыдмыгъэгъупщэныр. Мыбдеж къыхэзгъэщыну сыхуейт дзэ Іуэху хэхам кІуауэ лІыгъэ яхэлъу хэкІуэдахэм я фэеплъыр зэрытхъумэным иужь дызэритыр. Абыхэм я щІыхькІэ, «Точка опоры» жылагъуэ ІуэхущІапІэм и унафэщІ Къарэ Ратмир ди дэІэпыкъуэгъуу, интер- натхэм щІэсхэм я футбол зэпеуэ къызэдгъэпэщащ.

**- Зеиншэм хуэбзэІэфІым япэу жэнэтыбжэр Іуихынущ, жаІэ. Фи центрым щыпсэухэм я сабиигъуэр нэхъ щІэщыгъуэ, абыхэм нэхъ насыпыфІэу зыкъалъытэжынымкІэ сыт хуэдэ Іэмалхэм фыхуекІуэрэ?**

- Ди сабийхэр я унэм щІэсыжу къащыхъун папщІэ, центрым ныбжь зэхуэмыдэхэмкІэ гуэшауэ унагъуэ-унагъуэурэ ахэр щопсэу. Ахэр сыт и лъэныкъуэкІи къызэгъэпэщащ: я пэшхэм щхьэхуэу зыгъэпскІыпІэхэри хэтщ, телевизор, зэрыжьыщІэ Іэмэпсымэхэри щхьэж я унагъуэм щаІэжу щытщ. Къищынэмыщ Іауэ, тхьэмахуэ дэмыкІыу, ахэр зэгъусэурэ ХьэтІохъущыкъуей жыг хадэм, Налшык зоопаркым, нэгъуэщІ щІыпІэхэми дошэ. «Дея» нэгузегъэужьыпІэм ди сабийхэр щІэх-щІэхыурэ ирегъэблагъэ кинотеатрым, абы хэт шхапІэм, джэгупІэхэм. Иджыблагъэ «Вкусно и точка» шхапІэм и унафэщІхэм драгъэблагъэри, сабийхэм зыщагъэгъуэзащ абы шхыныр зэрыщагъэхьэзырым. Къапщтэмэ, унагъуэм щапІ сабийхэми апхуэдэукъэ я зэманыр зэрагъакІуэр?! Ди интернатым сабий- хэм щагъуэт гулъытэр языныкъуэм дежи адрейхэм щефІэкІыуи жыпІэ хъуну къысщохъу. Ар, шэч хэмылъу, зи фІыщІэр илъэс 36-рэ хъуауэ абы и унафэщІ Алишанов АлийсултІанщ, ар Іуэхум набдзэгубдзаплъагъ, гудзакъэ иІэу зэрыбгъэдэтырщ.

*Епсэлъар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ.**



## Гулъытэ хуащІ, ягъэгуфІэ

**Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэр Хэкум и хъумакІуэм и махуэм ипэ къихуэу щыІащ Налшык къалэм дэт жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щакІэлъыплъ унэ-интернатым. Абы иджыпсту щопсэу зи ныбжь хэкІуэтауэ цІыхуи 140-м щІигъу. Ахэр гуапэу икІи къащыгуфІыкІыу къаІуощІэ хьэщІапІэ яхуэкІуэхэм.**

- Ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ сыт и лъэныкъуэкІи пщІэ зэрахуэтщІыр абыхэм зыхедгъэщІэным, ахэр дгъэгуфІэным, - жиІащ Управленэм и оперативнэ плъыр ІэнатІэм и унафэщІ Къазий Анзор.

Нанэхэмрэ дадэхэмрэ ящыщ куэдыр палатэхэм къыщІэкІыфынукъым, аращи, ахэр хуэныкъуэщ апхуэдэ гулъытэм, псэлъэгъухэм.

Іуэхум и кІэухыу суд приставхэм унэ-интернатым щыпсэухэм тыгъэхэр иратри, Хэкум и хъумакІуэм и махуэмкІэ ехъуэхъуащ. ХьэщІэхэм жаІащ мы махуэр абыхэм я гум гуабэу икІи нэхуу къинэну зэрыщыгугъыр.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

**● Алыдж-урым бэнэкІэ**



## Джылахъстэнейхэм бжьыпэр яубыд

**Тэрч районым хыхьэ Плановскэ къуажэм и физкультурэузыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексым ныбжьыщІэхэм щрагъэкІуэкІащ алыдж-урым бэнэкІэмкІэ щІыналъэ зэІуха зэхьэзэхуэ. Ар фэеплъ хуащІащ мы куейм щыщу япэ дыдэу СССР-м спортымкІэ и мастер хъуа Къаир Руслан.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Тэрч, Лэскэн, Май районхэм къищынэмыщІауэ, зэхьэзэхуэм кърихьэлІат Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ Шэшэнымрэ къикІа бэнакІуэ ныбжьыщІэхэр.

Псори зэхэту зэпеуэм зыкъызыщызыгъэлъэгъуа спортсмени 175-р я хьэлъагъкрэ ныбжьрэ елъытауэ ягуэшат. Абыхэм текІуэныгъэр къыщахьащ Уэдыжь Имран, Уэлджыр Аслъэн (2008 - 2009 гъэхэм къалъхуахэм я деж), Мэкъуауэ Амырлан, Саншокъуэ Ислъам (2010 - 2011), Къарей Имран, ФІыцІэхъу Темерлан, Шорэ Дамир, КІэрашэ Тамерлан, Емкъуж Сулеймэн, Тумэ Тамерлан (2012 - 2013), Куэзыр Алихъан, Къаир Алибэч, Джэршышэ Тимур (2014 - 2015) сымэ.

Зэрынэрылъагъущи, зэхьэзэхуэм нэхъыбэу щытекІуар хэгъэрейхэращ. Абыхэм хуагъэфэщащ саугъэт лъапІэхэмрэ щІыхь тхылъхэмрэ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.413 Заказыр №369

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинsocialым и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А